

KUTENDA KWAKAKWANA



Baba vedu veKudenga, ndiyo vavariro yedu manheru ano. Taungana pamwe chete kuti titende chete, kungotenda Ishe Jesu bedzi. Pane avo vari pano, manheru ano, vanorwara nekutambudzwa, uye takumikidza shumiro yedu—yedu—yedu manheru ano mukupodzwa kwevarwere nemitumbi yakaputsika. Zvino, semuimbi achangoimba rwiyo rwuya rwakanakisa, *Zvino Jesu Akauya*, dai mauya panzvimbo kwatiri manheru ano, Ishe, mupodze vose vari kutambudzwa, uye pasave nemunhu ane hutera pakati pedu manheru ano. Zvitenderei, Ishe, uye tibatsireiwo patiri kutarisa kuShoko zvino kuwana kutenda kwakakwana kuitira nguva ino. Tinozvikumbara nemuZita raJesu. Amen.

² (Ndeani?) Pane magirazi pano, araswa nemumwe munhu, akawanikwa muचेची. Kana chero munhu...kana ari ako, zvakanaka, ari pano papuratifomu, papurupiti.

³ Zvino, ndinoziva kuti vazhinji vari kushanda, uye vanofanira kudzokera kumba nekukurumidza, saka handisi kuzotaura kwenguva refu; uye zvararo tozova nemutsara wekunamatira varwere. Zvinobva zvandipa mukana weku—wekubatanidza dzimwe nyaya dzinoda kukurumidzirwa dzanga dziri muimba iyo, ndatodziita zvino-zvino ndisati ndapinda, uye masikati ano. Dzimwe dzacho, hongu, dzakaipisisa, zvakanyanya neukasha. Uye ndanga ndiri kufambira, zvakare, nekunamatira varwere. Kuona ruoko rwaIshe wedu Jesu rwuchipodza varwere nevanotambudzwa, kungoti Anoshamisa zvakadini!

⁴ Zvino, hatiwanze kupinda mushumiro idzi dzekupodzwa, nekuti kazhinji isu...Mweya Mutsvene unouya kana paine chinhanu chinoda kuchimbizirwa, wonzvera nekukurumidza, wochinhonga nokutaura chimwe chinhu pamusoro pachu. Zvararo vamwe vavo vose, sei, tinongo...zvichida chinhu chisina kunyanya kuipa, saka tinongochipfuura. Zvino ndafunga kuti, kuva pano kaviri nhasi uno, zvakananira kuti tikumikidze shumiro imwe chete kunamatira varwere. Ndinotenda mukupodzwa kwevarwere. Ndinotenda kuti irairo yeBhaibheri. Hatigone kuzviparidza, pasina...Evhangeri izere, tisina kuzviisa.

⁵ Zvino, zvinokwanisika...Handisati ndaziva, handisati ndafonera kumba manheru ano, zvingakwanisika kuti Svondo inotevera ndichapfuura nepano zvakare. Uye kana—uye kana mukasanzwa kubva kwatiri vhiki rino, kana Billy akasakuzivisai (achaziva gare-gare mukufamba kwevhiki), kana mukasaziviswa, zvino tichange tiri pano musi weSvondo unotevera; nekuti zvinokupai Zuva reVashandi, munoono,

rekuzorora, uye saka . . . kana kuenda kumba. Maona? Zvino saka tichaedza, Ishe vachitendera. Zvino, zvakanaka, kana mukasanzwa . . . Ndinofunga Billy anokutumirai kadhi, kana kukuudzai neimwe nzira mushumiro, saka akasakufonerai, zvino ndiri kudzoka ku—kuSvondo iyi inotevera. Kana, Hama Neville, zvakanaka, imwe yeshumiro? [Hama Neville vanotaura naHama Branham—Mupepeti.] O, zvakanaka.

⁶ Kana paine munhu anoda kuziva, uyu Collins mudiki, pano. Zvino panguva yeZvisimbiso Zvinomwe, vanachiremba vakanga vataura kuti mukomana mudiki uyu, aiva nerheumatic fever, kuti aifanira kurara nemusana achinwa kubudikidza nechubhu; ndizvo—ndizvo zvazvaiva. Zvino baba namai vake vakamuunza kubva kumba ndokumuisa mukamuri, tikamunamatira. Uye Ishe Jesu vakamupodza zvizere, akadzokera kuchikoro; varairidzi vakavadana pamusoro pazvo. Saka vakadana mazvikokota akanga achimurapa, zvino iye akatadza kutenda . . . Akatadza kutenda chinhu chakaita saichocho, ndokuunza mukomana kuti anoongororwa, uye akanga ari mutano angonaka zvachose. Zvino, Jesu akauya, simba remuyedzi rikabva radimburwa!

⁷ Munoziva, chinhu chinoshamisa, ndanga ndiri kuzokumbira mumwe munhu kuti aimbe chimbo ichocho manheru ano. Zvino pandanga ndiri kushumira mukamuri umo, hechino chabva chauya, mumwe munhu achichiimba kunze kuno, *Zvino Jesu Akauya*. Dai chi—chisina kuimbwa, ndanga ndiri kuzokumbira mumwe munhu kuti achiimba ndi—ndisati ndataura manheru ano. Saka, Iye—Iye anoshanda zvinhu zvose mukunaka.

⁸ Zvino, vazhinji venyu muchange makamirira kusvika mangwanani, vane rwendo rurefu rwekufamba, uye ndi—ndinokoshesa ku—kuzvipira kwenyu. Vamwe venyu muchatyaira kuenda kumba manheru ano nekuti munofanira kunge mava kubasa pakunoedza, mangwanani, uye ndi—ndinoziva kuti zvakaoma. Zvino zvadaro pandinofunga, ndoona kuti, . . .

⁹ Ndinokanganisikawo, munoziva; ndinotsamwa. Ndinovika panzvimbo yekuti ini . . . Chinondibata, ndeapo pandinowana kukanganisika uku ndashanda zvakanyanyisa, zvino Satani anouya achindiudza kuti, “Sei, hapana munhu ane hanyin’ a newe. Hauna kana shamwari chaiyo panyika, waona.” Uye kuitira kuti . . .

¹⁰ Rangarirai, handisi munhu asingayedzwe. Munoono, ndinofanira kuzvikunda. Zvadaro pandinocheuka ndichiona chinhu chakaita sechino, ndinonyatsochidorera kumeso kwake ndoti, “Ko icho?” Zvinondibatsira kuti ndiku—kunde. “Ko icho?”

¹¹ Seimwe shamwari yangu, yakagara mu—mumusangano muno, paiva ne—ne—neboka, rakaita se—seboka risingatendi mukupodza kwaMwari, rakauya kumuchinda muduku uyu

nguva pfupi yapfuura ndokuti kwaari, “Zvinhu zviya zvavari kuparidza uko pamusoro pekupodza kwaMwari, hapana zviripo.”

¹² Zvino murume uyu anogara muKentucky, pedyosa nemudzimai akwegura uya, apo pataiva kuActon Campgrounds, akanga ava kufa nekenza. Uye sisi vake vakauya kumusangano manheru iwayo nehengechepfu muchikwama chavo yavakanga vatakura, zvino Mweya Mutsvene wakadana mudzimai iyeye kumashure ikoko (zvino ndakanga ndisati ndambosvika kudunhu iroro) ndokumuudza kuti “aiva nehengechepfu muchikwama chake, yaakanga ainayo ipapo, yaakanga atora kubva kumba, zvino sisi vake vakanga vari kumusoro kune chimwe chikomo ikoko, achifa nekenza yemudumbu. Vanachiremba vakanga vamutadza.” Zvino ndikati, “Enda unoisa hengechepfu pamusoro pemudzimai, nekuti ZVANZI NAJEHOVHA, ‘Achararama.’” Zvino ndiwo usiku, vavakidzani kumusoro ikoko vakafunga kuti vaiva neSalvation Army, apo Hama Ben vakasvika ikoko, ndokubva vaisa. . . Zvino—zvino mudzimai iyeye akapodzwa zvizere kusvikira anoita basa rake pachake uye nebasu remuvakidzani wake.

¹³ Saka mujaya uyu, achizviziva izvozvo, akati, “Zvino tsanangurai nyaya yake! Zvakazvipedza. Tsanangurai; munoziva kuti aiva nekenza. Aiva muno muLouisville uye vanachiremba vakaita oparesheni, ndokungoti, ‘Musonei, mumudzose. Hapana chinogona kuitwa.’ Uye zvino ane hutano hwakanaka, huzere.” Akati, “Zvitsanangurei.” Zvakazvipedza. Munoono?

¹⁴ Munoziva, muBhaibheri, zvakanzi, “Uye hapana chakaipa chavaigona kutaura, nokuti murume ainge amire pakati pavo chaipo, uyo aiva aitirwa chishamiso paari.” Ndipo apo isu. . . Zvinoisa Satani pakunyadziswa, hazvidaro here? Murume wacho aiva akamira ipapo uyo ainge aitirwa chishamiso paari.

¹⁵ Mwari vanomutsa vakafa here? Hepano pakagara murume, pano chaipo, akamutswa kubva kuvakafa. Mwari anopodza varwere here? Oh ini zvangu, maoko aigona kusimuka kwese zvako. Mwari anopodza varwere. Uye tinoziva kuti Ndiye NDIRI mukuru—mukuru, kwete “ndaive” kana “ndicha” mukuru; NDIRI. Ndizvozvo. *NDIRI*, zvinoreva “kugara aripo, kwese-kwese, nguva dzose”; mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi.

¹⁶ Zvino, kuti tikurumidze, ngativhurei zvino muBhaibheri rakakomborerwa. Ndinoda kuverenga chi—chikamu cha—chaingowanza “kuditenderedza” pandaichiverenga. Zvino ndinoda kuva nemutsara wekunamatira varwere manheru ano, nekunamatira munhu wese anoda kunamatirwa.

¹⁷ Uye zvino tichavhura kuna Marko, Mutsvene Marko, chitsauko 11 chaMutsvene Marko. Uye tichatanga kuverenga nechepa—pandima 22 yaMutsvene Marko chitsauko 11. Zvino

vazhinji venyu munoziva Gwaro iri, Rinozivikanwa. Ndiro Gwaro randaifunga nezvaro, Hama Russell, apo dziya... paAkataura neni pamusoro petsindi dziya. Uye ivo... ndiro Gwaro chairo randakanga ndiri kufunga nezvaro. Ragara richingoshamisa. Akati, “Kana *ive* ukataura”; kwete “Kana *Ini* ndikataura”. “Kana *ive* ukataura!”

18 Zvino, ngativerengei.

...Jesu akapindura akati kwavari, Ivai nekutenda munaMwari.

Zvirokwazvo ndinoti kwamuri, mumwe nomumwe anoti kugomo iri, Simudzwa, ukandwe mugungwa; asingapokane mumoyo make, asi achitenda kuti zvaanoreva zvichaitika; uchava nechero zvaachareva.

Saka ndinoti kwamuri, Zvinhu zvose zvamunonyengeterera, nekukumbira, tendai kuti mazvigamuchira, zvino imi mugova nazvo.

Kana mukamira muchinyengetera, kanganwirai, kana muine mhaka nomumwe: kuti Baba venyuwo...kuti Baba venyuwo vari kudenga vakukanganwirei kudarika kwenyu.

Asi kana imi musingakanganwire, naBaba venyu vari kudenga havangakukanganwirei imi kudarika kwenyu.

19 Zvino, kutenda kwakazembera pakuregerera, zvararo. Uye zvararo, sekutaura kwataita mangwanani ano, tichiedza kuunza kereke panzvimbo yekuti tinogona kunyatsoona nguva dzechiapostora dzichifamba pakati pedu, ndiyo nzara yatiinayo tose. Zvino zvakangorara pamukova. Tinozviona, asi tinoda kuzviona zvakawedzerwa. Tinoda kuti zvinyatsoyerera zvekuti zvi—zvigotibatsira, kuti zviyerere kune vamwe.

20 Rangarirai, Jesu (sezvatanga tinazvo muchidzidzo mangwanani ano), haAna kumboshandisa simba raKe kuZviitira, Akarishandisa kune vamwe. Ndzivo zvarakatimirwa. Zvino unofunga dzimwe nguva, “Ko sei Munhu anga azere nesimba, saiYe, aigozorwarirei?” Hongu, changamire. Ndakaverenga mune rimwe bhuku, pane imwe nzvimbo, paAkamutsa mukomana uya, mwanakomana weshirikadzi yeNaini (Ndinotenda, *The Prince of the House of David*), kuti akagara padombo akagomera nekuda kwemusoro waitema. Maona? Akatakura hutera hwedu. *Kutakura* zvinoreva “kuitora ndokuisimudza.” Munoono, Akatakura. Uye Akava nezvinhu zvose mukati...sezvatinazvo. Akava nehurwere, Aiva nemiedzo, Aiva nematambudziko, Akawana kushungurudzwa sezvatinongoitawo, nokuti iYe aifanira kuva mhando chaiyo yeMurevereri; saka Aifanira kuva mudyi, Mutariri wemichero, iYe asati aziva. Mudzimai patsime nezvinhu zvakawanda, maona, kana tikanyatsotarisa muRugwaro.

21 Ndinoda kuti ndinotenda Gwaro rose, uye rimwe nerimwe raRo kuva chokwadi. Pane vashoropodzi nhasi vasingade kuzvitenda. Mushoropodzi akamboti “apo Jesu paakatuma vadzidzi kwaiva kwakasungirirwa mubhemhe, paisangana nzira mbiri, kuti Akanga afanozviringa paizosungirirwa mubhemhe.” Munoono, havanzwisise kuti *Mwari* vakafanozviringa.

22 Mwari akandiudza, rimwe zuva, naHama Dauch pano, kuti ini “ndaizovakwazisa ruoko, mumugwagwa zvakare.” Zvinoshamisa zvikuru, ndakanga ndisiri pano mangwanani iwayo; asi kwapera maminitsi maviri, kana kuti kwapfuura miniti, ndingadai ndisina kumbosangana navo mumugwagwa. Asi ndakangodzika kubva mumotokari panguva chaiyo yekuti ndivakwazise ruoko pavakanga vari kuuya, nemugwagwa. Havana kundiziva; vakanga vasina magirazi avo, vaisagona kundiona. Pavakanzwa inzwi rangu, vakatanga kuchema. Chaiva chii? Kazhinji havadaro, asi yaiva mhinduro yezvavakaudzwa pasi petende reoxygen; vaizozviita.

23 Ndikati, “Muchagara muchechi zvakare”; chishuwo chemoyo wavo. Pataiva nemusangano wekuChicago, vaida kuuya kumusangano iwoyo, mwoyo wavo waizvidisa. Ndakavatumira teregiramu yekwaziso dzedu nevana, ndokuvaudza kuti taive tiri kunamata kuti vapore, nekukurumidza. Zvino imwe hama ine rudo, yakavashanyira, ikati va—vakanga vachida kuuya zvakanyanyisa. Asi hapo pavagere, manheru ano, nesu. Maona? Hazvina kufanorongwa. Mwari mumwe chete akazviringa, Anoita kuti zvinhu zvose zvinyatsohanda zvakanaka zvakati nhwaa.

24 Mutsoropodzi akambotaura kuti “Hazvishamise sei Jesu akagona kutora marofu mashanu echingwa ndokupa kudya kuvanhu zviuru zvisihanu,” akati, “marofu acho akanga akakura mumazuva iwayo, uye Akangocheke rofu rimwe chete kuti ape kudya kuchiuru chimwe chete.”

25 “Ndinokupai kunzwisisa, mukomana mudiki anga ainazvo mumbuva yake!” Mukomana mudiki akatakura zvingwa zvisihanu zvakakwanisa kudyiwa nevanhu zviuru zvisihanu, uye vakaguta. Ko zvino mabhasikiti gumi nemaviri akazounganidzwa mushure macho? Maona? O, vaingo...vangori vatsoropodzi, ndizvo zvazvingori. Izvozvo hazvishandure Shoko raMwari. Ringori rimwe chete, munoono, rinoenda mberi.

26 Zvino, tinoda kutaura zvino pamusoro pekutenda, uye imwe mhando yakasiyana yekutenda: Kutenda Kwakakwana. Chinhu chikuru. Zvino, kutenda, tinoudzwa muBhabheri, “Kutenda kunouya nekunzwa.” Zvino, haugone kuponeswa pasina kutenda. Uye kutenda chinhu chaunofanira kutenda kuti chiripo, zvekuti hapana chimwe chinhu zvachose chingareva kuti chiripo asi kutenda. Zvino ndiri kuedza

kuunza kutenda kwamuri, kuitira kuti mugadzirire mutsara uyu wekunamatirwa, mumamitsi mashoma anotevera.

²⁷ Zvino, kutenda: “Uyo anouya kunaMwari anofanira kutenda kuti Aripo.” Uye hazvigone ku—kufadza Mwari pasina kutenda, haugone kuMufadza. Zvino kana ukati unotenda Mwari...iwe hausati wamboMuona, unoona, saka zvino unotofanira kuZvitenda nokutenda. Uye dai waigona kuMuona, kwaisazombova kutenda. Maona? Chinhu chipi zvacho chinonzi chiripo nemanzwiwo, hakusisiri kutenda, inhorooondo inobatika yesainzi; munoona, hakusisiri kutenda. Asi unofanira kuMugamuchira nekutenda. “Zvino uyo anouya kuna Mwari anofanira kutenda Mwari; uye kutenda kunouya nekunzwa Shoko raMwari.” Maona? Unofanira kutanga watenda kuti *iri* iShoko raMwari, uye unofanira kuuya kunaMwari nemuShoko. Maona? Ingotora Shoko, zvaRinoreva, uye “Ndizvozvo!” Zvimwe zvese zvinopesana naRo, handizvo.

²⁸ Abrahamama aifanira kungotenda zvaakaudzwa neInzwi riya. Zvino paakanga ave nemakore zana, makore makumi maviri nemashanu akatevera, aive awedzera kusimba pakuRitenda kupfuura zvaiva makore makumi maviri nemashanu akanga apfuura paRakapiwa kwaari. Maona? AkaRitenda. Uye “Haana kukahadzika pavimbiso yaMwari kubudikidza nekusatenda, asi akasimba, achipa rumbidzo kunaMwari, achiziva kuti Aigona kuita izvo zvaAkavimbisa.” Zvino ndiyo nzira, munhu wese anofanira kunge akadaro. Unofanira kuuya uine kutenda kusingakundiye, nekutenda kuti Mwari vakaita vimbiso yacho. Asi zvino, unofanira kunge uri muchinhano chekuva nekutenda ikoko, uye ndizvo zvatiri kuzotaura nezvazvo; maona, kugamuchira kutenda ikoko.

²⁹ Muna vaHebheru, Bhuku revaHebheru, chitsauko 11, tinoudzwa kuti.

...kutenda ndirwo rusimbiso rwezvinhu
zvatinotarisa, . . .

³⁰ Zvino, hepanoi vanhu vakawanda pavanotadza kugamuchira kupodzwa kwavo, kana zvavari kukumbira, nokuti vanotora kutenda sezvokusiri. Maona? Havazvitendi. Iko—iko...ha—hakusi kufungidzira. Iko ndicho chinhu chacho chaicho.

³¹ Zvino, teeresai! Honai, handi zvaunofungidzira. Kunongova kwemazvirokwazvo kwauri sekureva kunoita manzwiwo api zvawo emutumbi wako kuchero chinhu. Izvirokwazvo semaziso angu paanoti, “Ichi chidimbu chebepa.” Kunongova kwezvirokwazvo sekuti “iro igetsi.” Kunongova kwezvirokwazvo sekuti, “Ndakagumha bhatye rangu.” Kunongova kwezvirokwazvo se—sekunzwa kwandiri kuita mwana ari kutaura uko, kana ari kuita ruzha rwake. Maona, kunongova kwemazvirokwazvo, sekuridza rudimbwa.

Kunongova kwezvirokwazvo sekuravira kwandinoita chero chinhu mukanwa mangu. Ndekwemazvirokwazvo saizvozvo, kungoti chete haugone kukuratidza kune mumwe munhu. Unako pachako. Ameni! Ndekwako. Kutenda *ndirwo* rusimbiso; maona, kwete chinhu chinongofungidzirwa. Saka, vanhu vakawanda vanouya . . .

³² Zvino, izvi zvidzidzo zvakanyatsa kudzika, uye ndichabata nhongonya yacho, zvino unochera uchidzika mairi. Maona?

³³ Cherechedzai, chimwe chinhu chaunacho; kwete kufungidzira, kana uinako zvemazvirokwazvo. Kunongova kwemazvirokwazvo kwauri sezvinongoita chimwewo chinhu. Kunongova kwemazvirokwazvo se—sekuziva kwaunoita kuti—kuti uri kutyaira mota yako. Kunongova zvirokwazvo sekuziva kwako kuti wakagara muchechi. Kunongova zvirokwazvo sekunzwa kwamunoita inzwi rangu. Rubatso, kwete kufungidzira, kwete manyawi; asi chimwe chinhu chaunacho, uye chinouya kwauri kubudikidza nekunzwa Shoko raMwari, uye Iroro bedzi. “Kutenda kunouya nekunzwa, uye kunzwa Shoko raMwari.” Zvinokudzosera pokuti kutenda kwako, zvino, hakusi mune mumwe munhu. Hakusi mumunhu. Hakusi musangano. Hakusi muboka revanhu. Kuri munaMwari, nokuti Mwari ndiye Shoko. Maona? Kutenda kwako kuri munaMwari.

Kutenda kunouya nekunzwa Shoko raMwari.

³⁴ Zvino apo Mwari, neShoko raKe, . . .kwete nezvakaaitwa nemumwe munhu, mumwe munhu zvaakataura, asi nezvakaaturwa neShoko raMwari. Akati, “Regai shoko remunhu wese rive nhema, asi raNgu rive chokwadi.”

³⁵ Zvino, unoona mumwe munhu achiita chimwe chinhu nekushanda kana nekubata kwaMwari, kana vimbiso yaMwari; zvino vazhinji vavo voti, “Ndinogona kuzviitawo, zvakare.” Kufungidzira. Uye pavanodaro, unovaona vavhiringika kunze uko pane imwe nzvimbo. Kunofanira kuva rubatso. Zvino, ndiko kwatingati mumufananidzo kutenda. Ndicho chinhu chingakuunza pane kutenda. Rubatso, sekuti wandikumbira muti wemuoki, ndokupa mhodzi. Pane zviripo une muti wemuoki, asi hausati wazvibereka; asi paunozonyatsa kuzviratidzira, muti wemuoki. Zvino paunofungidzira kuti Mwari vanoita izvi, . . .Asi pazvinozozarurwa kwauri, kutenda zvino, Kutenda Kwakakwana kusingakundike.

³⁶ Ndicho chikonzero zviratidzo zviya zvirizviri zvikurusa kwandiri, nokuti zvakaraidza kuva “zvirokwazvo” nguva dzese. Maona? Zvino ndinoziva kuti Akazvivimbisa. Uye Akazvivimbisa muShoko rake, hezvino Anouya ndokuzvivimbisa kuzuva rino. Naizvozvo, unoziva pawakamira, paAkataura kudaro. Honai, zvinondipa kutenda, nokuti hapana chaAnoita chinopesana neShoko raKe rakanyorwa. Maona?

Zvino dai zvaipesana neShoko, handaikwanisa kuva nekutenda mazviri. Zvinonyatsa kuzvidzosa kuShoko zvakare, munoono, kutenda mukunzwa Shoko raMwari. Unofanira kunzwa Shoko! Shoko raMwari ndiro Shoko rine zvose. Ndizvo zvose zvaunoda, iro Shoko iri.

³⁷ Zvino, kutenda kuri iko rubatso, uye imomo tinoona (munavaHebheru) zvaiva kutenda, nezvakaikwa neavo vaiva nokutenda. Honai, pane nguva dzakawanda idzo vanhu vane kutenda nhasi, uye mangwana havachisina; zuva rinotevera pane *chimwe chinhu*, *nechimwewo* zvakare. Asi kana Mwari vakarovera hoko pakuri, uye wozviona, hapana chinozofa chakakuita kuti ubve pakuri. Uri kungotokonya, kususumhira, nekufungidzira. Zvino *kufungidzira* “kuita chinhu usina mvumo”; uri kungoedza *ichi*, uye uri kuedza *icho*, uchienda *uko*, womhanyira *kuno*, womhanyira uko. Hausati wava neKutenda ipapo! Asi kana . . . ndiko kwatinodana kuti “Kutenda.”

³⁸ Ini—ini—ini . . . Pamusoroi. Ndinoda kuti mu . . . Maita henyu, hama.

³⁹ Ndi—ndinoda kuti mubate izvi zvino. Isu . . . Chechi inofanira kuZvisimudza musimba raMwari. Sei? Tave pedyosa nemagumo, zvino; uye ndinotenda kuti Chechi iri pachinhano chatinokwanisa kuIdzidzisa zvinhu zvakati dzamei, uye nokubvisa kumwe kutenda kwekabanga, munoono, nekupinda mune chimwe chinhu chemazvirokwazvo. Maona? Chinofanira kuva chimwe chinhu chaunoziva!

Zvino ukati, “hama Branham, icho handicho chiedza.”

“Asi ini ndichiziva kuti chiedza.”

“Unoziva sei kuti chiedza?”

“Ndakachitarisa.”

“Zvakanaka, unoziva sei kuti haugone kunge wakanganisa?”

“Meso angu akagara achingondiudza kuti icho chiedza.”
Maona?

⁴⁰ Zvino ndicho chikonzero ndichitenda zviratidzo zviya, nekuti zvagara zvichindiudza chokwadi, nokuti zvinobva muShoko. Maona? Zvadaro kana Akazvitauro, zvinozvinatsa. Zvino, zvataurwa saizvozvo, hapasisina zvekufungidzira, zvichatodaro. Zvino unoinzwa “ZVANZI NAJEHOVHA,” maona, nokuti i—inopfuurira mafungiro evanhu. Iri mudenga muzviyero zvekufunga kwaShe. Asi iwe wakamira pano, sezvakangoita Muzambiringa . . . sekungova bazi riri kubereka muchero uri muMuzambiringa. Maona? Mwari anoshandisa munhu, uye munhu bedzi. Mwari haashandise michina. Mwari haashandise mapoka evarume. Mwari haashandise masanganano. Mwari anoshanda nedungamunhu, nguva dzose!

41 Zvino, kutenda rubatso, uye nako, tinonzwisisa, zvinhu zvose zviya zvakaikwa. Hakusi ku—hakusi kufungidzira, rubatso; kunyanya Kutenda Kwakakwana. Ndiko kwandiri kutaura nezvako manheru ano, kusvika paKutenda Kwakakwana. Hakusi kufungidzira.

42 Zvino, vamwe, vanowana vanhu vanouya voti, “Oh, ndine kutenda kwese; o, ndinako chokwadi.” Zvakanaka, chii chawakamirira pano, zvino? Maona? Maona? Unoona, kuti zviito zvako—zvako zvinoratidza kuti hauna zvauri kutaura pamusoro pazvo. Maona? Dai wanga uine kutenda, zvino wakamirirei mumutsara wekunamatirwa? Maona? Sei muchiita zvinhu izvi?

43 Munoono, dai waiva neKutenda Kwakakwana, waingotarisa kunaMwari wozvitenda, wofamba uchienda. Waisazova—waisazova nechikonzero chekuuya mumutsara wekunamatirwa. Waisazoda chero chipi chezvinhu izvozvo, nokuti kutenda kwako kwatozviita saizvozvo. Maona? Zvingabatsirei kuti ini nditi, “Ndinofanira kupfeka shati”? Ndakapfeka shati!

44 “Unoziva sei kuti wakapfeka shati?”

45 “Zvakanaka, ndinozviona, ndinozvinzwa, ndinoziva kuti iripo.” Zvino, ndizvo zvazvakangoita kana Kutenda Kwakakwana kwakubata. Hauzo—hauzomboda chimwe zvakare. Zvatoitika; unozviziva.

46 “Unozviziva sei?”

47 “Kutenda kunondiudza kudaro!” Ndizvozvo. Maona? Mazvibata here zvino, izvo zvandiri kureva? Ndiko Kutenda Kwakakwana.

48 Zvino, nemamwe mashoko, ndave kuenda kunze, “Zvakanaka, ndichaenda. Bhaibheri rakati, ‘Danai vakuru, vazodze nemafuta, vonamata pamusoro pazvo.’ Ndinoziva, ndichakwidza kumusoro.” Zvino iwe woti, “Zvakanaka, ndichapodzwa.” Munoono, uri kuzviita wega; ukasangwarira, uchangokonzera kuti uite ma—manyawi. Zvadaro paanopfuura, anoti, “O, ndi—ndichiri bofu.” Maona, hepo pawaiva, wanga usina kutenda!

49 Kutenda kwako kwechokwadi kunozviita pakarepo. Kutenda kwako—kwako kwechokwadi kunozviita mazvirokwazvo kwauri zvekuti... Tarirai mudzimai mudiki aiva nechirwere cheropa, akati, “Ndikangokwanisa chete kubata mupendero wehanzu yaKe, ndichaporeswa.” Uye paakangozviita, anoti iye “akanzwa mukati make kuti chirwere cheropa chaive chamira.” Akatonyatsa kuzvitenda.

50 Zvino paakaUbata...kuratidza kuti chakamira—chakamira, Jesu akatendeuka ndokuti, “Ndiani waNdibata?” Kutenda kuya Kwakakwana! Uye Kutenda Kwakakwana kumwe cheteko manheru ano, kuchabata Jesu Kristu sezvakwakangoita

ipapo. Mudzimai akauya neKutenda Kwakakwana kwenguva iyoyo.

⁵¹ Zvino, zvino tinoona, pakutanga vadzidzi vakanga vasina Kutenda Kwakakwana uku. Vakanga vasinako, nokuti vaiva naKristu, vachifamba naYe; asi zvadaro mushure mazvo, Kristu akanga ava mavari. Zvino saka, munoona, zvakaoma zvino kuva neKutenda Kwakakwana uku pasina Mweya Mutsvene; Unofanira kukuunza, Unodaro. Zvino, unoti, “Vadzidzi vakanga vasina Kutenda Kwakakwana?” Kwete; nokuti vaiva nemwana uya aiva nefari ipapo, wavaiyedza kudzinga dhimoni iri kubva maari, uye vakatadza kuzviita.

⁵² Zvino baba vacho vakaona Jesu achiuya, ndokuti, “Tauya nemwanakomana wangu ku—kuvadzidzi veNyu, vakatadza kumurapa.” Maona?

⁵³ Zvino mushure mazvo, vadzidzi vakabvunza Jesu, vachiti, “Sei tatadza kumurapa?”

⁵⁴ Zvino Jesu akati, “Nokuda, kwekushaya kutenda, kwekusatenda kwenyu.” Ndizvozvo. “Nokuda kwekusatenda pa . . .”

⁵⁵ Zvino rangarirai, vaiva nesimba. Jesu akanga avapa simba rekupodza varwere, kumutsa vakafa, nekudzinga madhimoni, mazuva mashoma zvisati zvaitika. Vaiva nesimba racho, asi kwete kutenda kwekushandisa simba racho. Zvino, heyo Branham Tabhenakeri! Heyo Chechi, Mwenga, nhasi! Mweya Mutsvene uri pano nesimba, asi iwe, hauna kutenda kwekurifambisa. Munoona zvandinoreva? Zvinotora kutenda kurifambisa.

⁵⁶ Pano: ndine bara randakagadzira nemaoko. Ndinoziva zvarinoita nefuti, seShoko, asi ndinofanira kuridza pfuti. Moto unofanira kusvika kuunga hwacho. Unga hune simba, asi hunofanira kuwana moto kuti hutungidzwe. Uye zvimwe chetezvo, hunga huri mubara, asi hunoda kutenda kuti hukuchidzirwe nekukandirwa kunze. Ndizvo zvazvinotora, munoona, Kutenda Kwakakwana kutungidza simba reMweya Mutsvene iro ratiinano zvino, sezvo Auya patiri; kutenda kwekutungidza, kuti tione zvinhu zvikuru, kuti . . .kutenda, chimwe chinhu chinozviunza kwauri.

⁵⁷ Nemoyo uzere nemufaro, unofamba kupinda muimba yeparwere, uchinyatsoziva chaizvo zvauchanotaura. Wofamba kupinda imomo uchiziva zvichazoitika, chimwe chinhu chakatozarurwa, uye unozviziva. Zvino unofamba uchipinda, “NemuZita raJesu Kristu, simuka kubva ipapo. ZVANJI NAJEHOVHA!” Hezvoka; ndiko Kutenda Kwakakwana. Dai paiva nemamiriyoni gumi evanhu vachiti hazviitike, iwe unongoziva kuti zvichaitika zvakadaro, nekuti unozviziva. Zviri kuzoitika. Zvisinei nezvinotaurwa nemumwewo munhu, ndiwe wacho une kutenda.

58 Ungambofungidzira here, Joshua, akadana vakuru veIsraeri pamwe chete akati, “Uh, hama, tiri varanda vaShe, ndingada kuti muti . . . mukumbire Ishe kana zvakanaka kuti—kuti Vatipe chimwe chiedza chezuva chishoma, munoona, vobata zuva kwekanguva?”

59 Haisva; aichida (uye pasina munamoto, pasina kana chii zvacho), aichida, zvino akangoraira zuva! Akati, “Mirapo! Ndine chishuwo, uye ndiri pabasa raShe, uye Vandituma kuno kuzoita basa iri, uye ndiri kuita zvose zvandinokwanisa, uye muvengi akahwanda, zvino vari kunze kuno; ndikarega zuva richivira, vachabatana pamwe chete vondikonzera rimwe dambudziko. Saka, ramba wakamira! Uye, mwedzi, iwe rembera ipapo!” Ameni; wakarembere ipapo kwemaawa makumi maviri nemana.

60 Zvino, kana nyika ichitenderera iye oimisa, uye zuva rakaramba riri panzvimbo rorega kufamba, chii chakaitika zvino? Zvino, wakazviita munhu asingatendi, ukataura *izvi*; uye zvino ukaregedza, zvirokwazvo unobata-bata zvesainzi, nokuti vanoti kana nyika ikamira, inodonha. Saka zvino wodini? Uye ukati Shoko raMwari rakatsveyama, zvino uri munhu asingatendi. Maona? Asi zvakaitika, ndicho chinhu chikuru. Handizive maitiro azvo, asi zvakaitika!

61 Handizive maitiro eMweya Mutsvene, asi ndinoziva kuti Wakawira pandiri. Ha—handigone kureva maitiro aWo, asi ndinoziva maropafadzo aWo. Ndizvo—ndizvo zvega zva—zvandine hanyn’a nazvo, maropafadzo eMweya Mutsvene. Zvino hurongwa, Anohuita. Ichakavanzika chaKe.

62 Mukomana uyu aitadza kuporeswa, nokuti . . . Vadzidzi vaiva nesimba; Jesu akavapa simba rekupodza zvirwere zvose, kudzinga madhimoni, kuchenesa maperembudzi, nokumutsa vakafa. Akavapa simba, asi vakanga vasina kutenda kwekushandisa simba ravanga vainaro. Uye zvadaro vakabvunza Jesu ndokuti, “Zvakanaka, zvino, sei tatadza kuzviita?”

63 Zvino, rangarirai, vaiva neShoko; uye Shoko raiva Nyama ipapo. Uye Shoko rakavaudza kuti, “*Ndinokupai simba.*” Ameni! “*Ndinokupai simba.*” Zvino vakanga vaine simba, asi vakanga vasina kutenda kwekushandisa shoko raiva mavari. Munoona zvandiri kureva? Asi Jesu aiva nako, Aiva Shoko, uye Aiva nekutenda kuti zvaAkataura zvaizoitika. Akati, “Oh, muunzei pano. Ndichakuregai kwenguva yakareba zvakadini?”

64 Iye aiva nekutenda, musimba raKe. Aidaro sei? Akati, “Hapana chandinogona kuita pachaNgu.” Sei? Aivimba nezvaAiva; Aivimba mukuziva kuti Aiva Shoko. Uye aiva nekutenda munaMwari, AkaMuita Shoko. Iye aiva Mwari (Shoko), uye vaiva maAri, uye zvakamupa kutenda nekuti Ainzwisisa nzvimbo yaKe. Aiziva zvaAiva, nekuti Magwaro

akanga ati Aiva *izvi*. Zvino hepano Magwaro ese aienderana, kuratidza kuti Aiva chaizvo izvo Magwaro akareva kuti Aizova, uye Aiziva zvaAiva.

⁶⁵ Naizvozvo, Akavimba pane izvo zvaAkaitwa naMwari. Zvino kana Akadaro, ko hatigonewo here kuvimba pane zvatakaitwa naMwari sevatendi? “Zviratidzo izvi zvichatevera avo vanotenda!” Aiva nekutenda mune zvaAiva. Zvino kana uri mutendi, une kutenda mune zvauri: uri mutendi! Uye kana uine kutenda munaMwari, Bhaibheri rinoti pano muna... “Kana—kana moyo yedu ichitipomera, zvino hatigone kuva nekutenda; asi kana moyo yedu isingatipomere, zvino tinowana kutenda, tine ruvimbo muna Mwari.” Kana uchida kuzviverenga, zvinowanikwa muna Mutsvene Johane 3:21. Ndinaro Gwaro racho rakanyorwa pasi apo.

⁶⁶ Zvino cherechedzai, Mutsvene Johane...ndinoreva Mutsvene Wekutanga Johane 3:21. Cherechedzai.

...kana moyo yedu isingatipe mhaka, zvino tinako kusatya pamberi paMwari.

⁶⁷ Asi kana chete uchiri kuita zvinhu zvakaipa, haukwanise kuva neruvimbo kunaMwari. Saka, munoono, unogona... unotobva wagaroziva kuti wakatsveyama. Unotobva watozvidzoserera pachako pakuva mutadzi, nekuziva kuti wakatsveyama. Asi kana moyo wako usingakupomere, uchiziva kuti uri mutendi, uye pasina chiri pakati pako naMwari, unogona kukumbira chaunoda uye woziwa kuti uchachiwiwa, nokuti iShoko rakapiwa kwauri sezvazvaiva kuvadzidzi vaye.

⁶⁸ Zvino, chinhu chega chaunofanira kuita zvadaro, kuve nekutenda mune zvauri. Iva nekutenda mune zvinotaurwa neShoko kuti uri! Zvino Jesu aiva nekutenda muShoko raMwari, raitaura zvaAiva, “Rakanyorwa pamusoro paNgu.” Dhavhidha haana here, muMapisarema; nevaporofita, nevamwe vose kutaura nezvaKe? “Ndini Chingwa cheUpenyu chakabva kuna Mwari kubva Kudenga.” Ameni! “Ndini Muti weUpenyu kubva mubindu reEdheni. Ndini zvinhu zvese izvi, NDIRI IYE WANDIRI.” Uye akaziva neKutenda Kwakakwana uku, kuti ndiYe aiva Mhesiya akazodzwa, uyo aiva neMweya waMwari paAri. Akati, “Zvino, Ini, pachaNgu, hapana chandinaita; asi kutenda kwaNgu munaMwari.” Zvino Mwari vaiva maAri, Shoko richiratidzwa. Uye kana Shoko raMwari rapinda mauri, Rinoratidzwa, nokuti uri mutendi. Maona? Zvino mutendi “kufamba kwekutenda kwaMwari mauri.”

⁶⁹ Munozvifarira here? Ndi—ndi—ndinofarira apo imi... Ndinofarira kudzidzisa kwekuti...maitiro...chaizvo zviri kutenda.

⁷⁰ Nekuziva kuti Aiva Ani, pasina mumvuri wekupokana, Aiziva kuti aiva Mwanakomana waMwari. Aizviziva, nokuti Shoko rakazivisa. Shoko raMwari rakazivisa kuti Aiva Ani.

Akati, “Ndikasaita mabasa aBaba vaNgu, zvino musaNditenda; asi kana—kana Ndikasaaita mabasa aya, musaNditenda. Asi kana ndikadaro, zvino tendai mabasa acho, nokuti ndiwo kuzadzikiswa kweShoko rakavimbiswa.” O, dai maingokwanisa kuchechuka kwazviri, kweminiti! Munoono, Shoko pachaRo rakaMuzivisa, kuti Aiva Ani. Iye akati, “Ndiani angaNdipomera mhaka?” Nemamwe mashoko, “Ndiani angaNdiratidza kuti upenyu hwaNgu nemabasa aNgu hazvizadzikise chaizvo zvinofanirwa kuitwa naMhesiya?” Hapana aigona kutaura chinhu; nokuti Aiva. Zvino Aiva nekutenda kwekutenda, zvadaro; kwechero chipi chaAitura, kuti chaizoitika.

⁷¹ Zvino Akatendeuka ndokuti, “Mabasa aNdinoita, muchaaitawo. Kwechinguvana, nyika haizoNdione zvakare; asi imi muchandiona, nekuti Ndichave nemi, kunyange mamuri. Musafunganya pamusoro pezvamuchataura, nokuti hamusi imi munotaura, ndiBaba venyu vagere mamuri; NdiVo Avo Vanotaura. Uye haNdisi Ini, NdiBaba Vagere maNdiri, Vanoita mabasa.” Maona zvandiri kureva?

⁷² Zvino, kuratidzirwa kweMukristu weMagwaro, maShoko aya akataurwa naJesu: “Zviratidzo izvi zvichatevera avo vanotenda.” Zvino, iwe ungazviti mutendi sei, kuvanhu, uchiramba Mashoko iwayo? Ko ungazviti mutendi sei woramba rimwe reShoko iri? Maona? Haugone kuzviita. Hausi mutendi, nokudaro zviratidzo hazvigone kutevera, nokuti unongogamuchira zvaunoda kutenda wosiya zvimwe zvese zvaRo...hauz—hauRitendi. Asi unofanira kutora zvose, woRitenda. Zvino paunotenda zvemazvirokwazvo (kwete kutenda kabanga, asi kutenda chaizvo), zvino zviratidzo izvi zvinotevera vanotenda.

⁷³ Oh, ungaenzanise Mukristu nhasi nevaya Makristu ekare? Mafambiro aiiitwa nevadzidzi vaye musimba reMweya, vachisundwa neMweya Mutsvene, kuzviita. Kungova musungwa, sekuparidza kwandakaita umwe usiku uya, musungwa kuShoko pamwe nekuda kwaMwari; aisatombokwanisa kufamba kusvikira Mwari vamufambisa. Hamungade kuona here Chechi inosimuka saizvozvo? Ichadaro; kudzokera. I—inofanira kuuya. Ndizvozvo chaizvo. Ino...Iri munzira yayo zvino, ndinotenda.

⁷⁴ Nokuti Shoko rakaziviswa, Akazvizivisa, zvaAiva; uye Shoko rimwe chete rinozivisa. Maona? “Kana munhu achiNdida, anochengeta mirawu yaNgu. Uye kana akati anoNdida, oregera kuchengeta mirawu yaNgu (iyo yose), munyepi, uye Chokwadi hachisi maari zvachose.”

⁷⁵ Unoti, “Zvakanaka, handitendi zvese...” Zvakanaka zvino, kuti...ungori munhu asingatendi, ndizvo zvega. Kana Bhaibheri rakataura kudaro, zvinozviita zvemazvirokwazvo, zvapera Nekusingaperi. Zvakataurwa neBhaibheri, iChokwadi.

⁷⁶ Cherechedzai paAkati kwatiri, “Mukagara maNdiri, neShoko raNgu mamuri.” Mutsvene Johane 15, “Kana mukagara maNdiri, . . .” Munooona, ivai nekutenda maAri. “Garai maNdiri, uye Shoko raNgu rigogara mamuri, zvadaro *imi* kumbirai chamunoda.”

⁷⁷ Zvino, munooona, Aiziva kuti aiva Ani, nokudaro Aiva nekutenda. Kutenda kwaikwanisa kugadzira paAiziva zvaAiva. Zvino, “Kana mukagara maNdiri, uye Shoko raNgu mamuri,” zvino munoziva kuti muri ani. “Kumbirai zvamunoda, muchazvipiwa.”

⁷⁸ Zvingasava zvanaka, manheru ano, munhu wese akauya mumutsara wemunamato uyu, oti, “Ndiri Mukristu. Handinzwewe kupomerwa. Ndi—ndinoziva kuti moyo wangu haundipomere. Chimwe chinhu chinondiudza kuti usiku uno ndipo paperera kutambura kwangu”? Izvozvo, uchazviita. Uchabva pano une chimwe chinhu. Hazvina basa kuti unouya nemanyawi akadini, kana zvaunoita, hazvishande kusvikira Kutenda Kwakakwana kuya kwazviratidza nekuzvibanidza nemauri, serubatso. Uye kana kwavapo, zvino hapana chinokuzunguza kubva pakuri.

⁷⁹ Kana—kana wanga uine kenza, uye chiremba vakakuudza zuro kuti uchange wafa Muvhuro mangwanani asati asvika, (moyo wako wose, mapapu ako apera, kenza yakudya, ropa rako rese rava kenza, chero zvachiri); zvino Chimwe chinhu chouya nerubatso urwu rwekutenda uku kwemazvirokwazvo, Kutenda Kwakakwana kwakaitwa rubatso mauri, waiseka pamberi pachiremba iyeye.

⁸⁰ Waizova saEria wakare, paakafamba achikwira nekudzika pamberi pechimupunzo, ndokuti, “Hamungawedzera kusheedzera here? Uye zvichida ari kudzingirira.” Aiziva zvaanga airi kuzoitika, nokuti Mwari vakanga vamuudza zvanga zvichazoitika. Akati, “Regai mwari achapindura nemoto, ave Mwari.”

⁸¹ Vanoti, “Tichatora kureva ikoko.” Ndokudira mvura pamaartari. Zvino va—Vakazvicheka—cheka, vakaita zvese, ndokudanidzira, “O Bhaari! O Bhaari! Pindura!”

⁸² Eria anga akanyatsodzikama chose. Akati, “Wedzerai kusheedzera,” akati—akati, “zvichida ari kudzingirira. Pamwe—pamwe aenda parwendo rwekunoraura. Pamwe ari kuita chimwewo chinhu, munooona. Ari kunze pane imwe nzvimbo.” Vakango. . . Akangovaseka, nokuti aiziva kuti zvanga zviriri kuzoitika.

⁸³ O, honai paakaisa zvinhu zvese muhurongwa. Akafamba kunze ikoko ndokuti, “Ishe Mwari waAbrahama, Isaka, newaIsraeri!” Haana kumbomudana zvino nezita rake rekuti *Jakobho*, “munyari.” Akamudana kuti *Israeri*, “muchinda naMwari.”

⁸⁴ “Ishe Mwari waAbrahama, Isaka, neweMuchinda uya (Jakobho), ngazvizivikanwe nhasi kuti ndiri muranda weNyu; uye ndaita izvi, kwete nokuda kwangu, kwete nekuronga kwangu, asi nokuda kwerairo yeNyu ndaita izvi; kuda kweNyu, Mandiudza zvekuita. Mandiratidza kuti zvinhu izvi zvaizova pano. Zvino, ndadira mvura paartari. Ndaita zvose izvi maererano nekuraira kweNyu. Zvino, ngazvizivikanwe!” Uye paakadaro, moto wakadonha kubva mumatenga. Aiva akagutsikana kuti waizodonha, nokuti aiva nerubatso. Sei? Shoko rakadaro.

⁸⁵ Zvino, Bhaibheri rimwe chete rino iShoko raMwari rimwe chetero. Uye kana uchigona kugamuchira rubatso (ndiko Kutenda Kwakakwana); rubatso rwekuti vimbiso yakaitwa naMwari *ndeyako*.

⁸⁶ “Munonzwa sei, Hama Branham, pamunomira ipapo muchiona vanhu vachiuya mumitauro yakasiyana-siyana nezvakadaro? Munotya here?” Kwete, changamire. Kwete, changamire. Iye Akataura kudaro! Handina kumbobvira ndati ndatya, nokuti akandiudza kudaro, uye ndinotenda kuti iChokwadi.

⁸⁷ Kana Akandiudza manheru ano, kuti ndiende kumarinda evatungamiri venyika kunomutsa George Washington mangwana mangwanani, ndaikoka nyika yese, “Huyai muzvione zvichiitwa.” Ndaiti, “Unzai wese. . . torai—torai mushoropodzi wese wamunogona movamisa ipapo, muchaona Kubwinya kwaMwari. Isai cheya iyo necheapo pamunogona kugara mombozorora kwekanguva kadiki; achave pano nenguva isipi, pandinongomudana.”

⁸⁸ Usiku uya apo mukomana mudiki kuFinland, zuva racho, waro; akararapo akafa, anga akarara ipapo kwe chidimbu cheawa, akakuyiwa, ropa richibuda nemumaziso, mhino nenzeve; makumbo ake madiki atyoka, mumasokisi ake madiki; tsoka dzake dzakabuda kunoperera masokisi ake, shangu dzake dzaenda. Ndakatarisa, ndokufunga kuti, “Anofanira kuva mukomana uya.” Ndikati, “Nhai, ngatitarisei kuseri kweBhaibheri iro, Hama Moore.”

⁸⁹ Tina Hama Lindsay, Hama Moore vakatarisa shure ikoko: “Zvino zvichaitika, ZVANJI NAJEHOVHA,” (Oh, ini zvangu!) “pachava ne—nenyika iyo izere miti yakawanda ine mashizha anogara akasvibira iri kukura. Matombo anenge akabatana. Mukomana mudiki akagerwa akasiirirwa vhudzi, kahwasikiti kakakoperwa mabhatani kumusoro kuno, netsoka dzake. . . masokisi ake akakwidzwa mudenga chaimo. Achange aine maziso ebhurauni, anenge akapinduka. Achauraiwa mutsaona yemotokari. Asi iwe isa maoko ako pamusoro pake, zvino achamuka kudzoka kuopenyu.”

⁹⁰ Hezvo paZvaiva, zvakanorwa ipapo. Hepo paaiva avete, ameni, kungomirira Shoko. Ndikati, “Kana mukomana uyu akasava mupenyu mumaminitsi mashoma kubva zvino, ndiri muporofita wenhema, ndidzingei kubva muFinland. Asi kana akava mupenyu, wirai pazviso zvenyu mutendeuke!”

⁹¹ Ndikati, “Rufu, haugoni kumusunga.” Ndakadanira mweya wake maererano neShoko raMwari, “NemuZita raJesu Kristu,” akasvetukira mudenga. Ndizvo! Maona? Oh, ini zvangu! Kutenda, maona, kwakabatira. Mwari vakadaro, hezvoka izvo!

⁹² Zvino, ndi—ndiMwari vari kutaura muzuva rino kubudikidza nechiratidzo. Asi ichi: kana chiratidzo ichi chichipesana ne*Iri*, chinenge chakatsveyama; *iRi* rinopfuura chiratidzo. Kana paine chiratidzo chinopesana neShoko, chisiye chakadaro; hachisi chaMwari, Mwari haapesane neShoko raKe iYe.

Saka, kana Shoko iri rikakuudza chimwe chinhu, zvino unogona kuva neruvimbo rumwe chete kuti zvirira kuzoitika. Hapana chinhu, . . . Kana Richiti, “Vachaisa maoko pamusoro pevanorwara uye vachapora”; zvakana, hama, kana kutenda, Kutenda kuya Kwakakwana, kukabatira pana izvozvo, waizo . . . paunopfuura nepamutsara uno wemunamato, uchange uchichirika nekudanidzira kusvikira iwe . . . paunobva pano, “Zvaperera!” Zvaperera! Zvose zvaperera, zvaperera! Kana wanga uine chikumbiro mumoyo wako uchitenda kuti munamato uya waitwa pamusoro pacho, waizopindurwa, hapana chawaikurukura, ndizvo zvichazoitika; semudzimai wedambudziko reropa.

⁹³ Jesu aiva neKutenda Kwakakwana. Iye—Iye aiva nako, uye kwakauya nokuti Aiva Shoko. Zvino unova Shoko; unova Shoko, paunenge uchigamuchira Shoko. “Kana mukagara maNdiri, neMashoko aNgu mamuri. Mashoko aNgu ayo . . .” (Shoko *iri*) “rikagara mamuri, zvino kumbirai chamunoda, uye muchachiitirwa.” Maona? “Kana ukati kugomo iri, ‘Simudzwa,’ usingapokane, asi uchitenda mune zvawataura, zvino uchava nezvawataura. Pamunonamata, tendai kuti munogamuchira zvamakumbira, uye muchava nazvo; muchazvipiwa.” Nguva, nzvimbo, hapana chimwe chingambozvishandura. Unoziva kuti zvaitwa. Zvatopedzwa nechekare—nechekare.

⁹⁴ Zvino, tarisai! Zvino, Akati kwatiri, “Kana muchigara maNdiri, uye Shoko raNgu mamuri,” Mutsvene Johane, pano, “kumbirai chero chamunoda, chichaitwa.” Zvadaro, cherechedza nzvimbo yako muMagwaro, semutendi. Maona, unofanira kucherechedza nzvimbo yako, sekucherechedza kwaAkaita nzvimbo yaKe.

⁹⁵ “Hazvina kunyorwa here kuti Kristu achauya, nezvose izvo Kristu aizoita?” Akati kuna Kreopasi neavo mangwanani aya, “Hazvina kunyorwa here muMagwaro kuti vaifanira ku . . . kuti

Aifanira kutambudzika ozouraiwa nekumutswa pazuva retatu?" Akati, "Sei muchinonoka kunzwisisa?"

⁹⁶ Zvino vakafunga kuti, "Ini zvangu, murume uyu anotaura zvakati siyanei nevamwe varume." Vakazoono, pavakapinda mekudyira, kuti aiva iYe. Maona, meso avo akapofomadzwa kwaAri. Munoono, vaiziva kuti akaramba achizembera paGwaro iroro, ndokubva vaziva kuti Raiva iYe.

⁹⁷ Zvino, unofanira kutenda zvaunokumbira. Kana uri mutendi, zvicherechedze semutendi. Cherechedza kuti zvinhu izvi ndezvako.

⁹⁸ Kana paine chinokupomera muupenyu hwako, chigadzirise kutanga. Maona? Kana uine chinokupomera mako...Ini... kana kuti unogona kuva naOral Roberts ne—nevamwe vanhu gumi nevaviri vane kutenda vanouya pano kuzokunamatira, vosvetuka kukwira nekudzika, nekukudira mafuta akawanda chose, ha—hachimbo—hachibve. Ndizvozvo.

⁹⁹ Chii chinowa pamisangano yaOral pazviri? Ndinovabata mumutsara wemunamato. UnoMunzwa achiti, "Wakambonamatirwa. Murume ane vhudzi rakasvibira, akaita semuchinda muhombe, ane shaya hombe." NdiOral Roberts. Maona? "Zvino maiva muguta *rakati*; ndokudana chinhu *chakati, chakati*."

¹⁰⁰ "Hongu, ndizvozvo." Maona?

¹⁰¹ "Wakanamatirwa nemurume *akadai-nokudai*." Munoono, saizvozvo. "Asi hezvino zviri pano. Herino dambudziko rako." Maona? "Enda unogadzirisa chinhu ichocho. Enda kunze uko unoreurura chivi ichocho kumurume wako, kumudzimai wako. Enda unoita chinhu *ichi*." Hapana zvazvinombokubatsira, zvisinei kuti wanamatira ani, kusvikira wachigadzirisa. Kupomerwa kuri mumoyo mako, zvino Mwari havapinde mumoyo iwoyo wakapomerwa. Maona? Mwari havagare munaizvozvo; unofanira kuchigadzirisa. Zvino paunodaro, unofanira kuva nekutenda. Kana zvose zvakanaka, unofanira kuva nekutenda wozvitenda. Usatye.

¹⁰² Mubhuku raJobho, Rinoti pano, "Jobho aitya." Zvino zvaaitya, zvakatonyatsoitika. Chii chakazviunza? Kutya kwake. Ndizvo zvakaaita kuti zviitike. Kutenda kwake kungadai kwakamuchengetedza kubva kwazviri, asi kutya kwake kwakamuunza...kwakazviunza kwaari. Aitya kuti zvanga zviri kuzoitika, uye zvakaaitika. Zvino, dai kuri kuti—akaziva kuti hazvaitika, hazvaimboitika. Munoono zvandinoreva?

¹⁰³ Kana uchitya paunouya mumutsara wemunamato, "Zvichida handingorina kutenda kwakakwana"; hazvimbobvira zvaitika, usanetseka. Maona? Asi kana uchiziva kuti zviri kuzoitika, zvichaitika. Maona? Munoono, rubatso rwechimwe chinhu. Jobho aitya kuti zvinhu izvi zvaizouya paari, uye zvakadaro. Kana uchitya kuti chirwere chako chichakusiya...

kana kuti hachizokusiya, hachimbodaro. Kana uine kutenda, kuti chichadaro.

¹⁰⁴ Bvunza chiremba upi zvake weutano. Chekutanga chaanoedza kuti uite, kuva neruvimbo mumushonga waari kukupa. Kana usina ruvimbo mauri, zviru nane ukasiyana nawo. Maona? Chokwadi! Chii zvino? Kutenda ndiko kunopodza; kutenda ndiko kunozviita nguva dzese.

¹⁰⁵ Petro, aifamba zvakanaka kusvika paakazotya. Shoko rakamuudza kuti, aikwanisa kufamba pamvura. Akatya kutanga, akafunga kuti chi—chipoko, zvino akati, “Ishe, kana muri iMi, ndirairei ndiuye kwaMuri pamvura.”

¹⁰⁶ Akati, “Huya.” Zvino, ndizvo zvimwe zvakangofanana naJakobho 5:14, zvimwe chete naMarko 16. Mwari mumwe chete akaZvitauro, akati, “Huya.” Zvino iye akatanga kufamba. Akaita zvakanaka, akaburuka muchikepe, ndokutanga kufamba pa...

¹⁰⁷ Paiva nedutu pagungwa, munoziva; masaisai machena, makuru, akakura kudarika zvikomo zviru kuno, furo richipamuka pamusoro pawo; aityisa, kuda mafiti gumi nemashanu, makumi mairi efuro, pamusoro pachena pachipamuka. Uye chaiva chinhu chinotyisa kuti akumbire, “Kana muri iMi, Ishe...” Munoono, Airatidzika kunge... zvaioneka semumvuri kana mweya. Iye akati, “Kana muri iMi, ndirairei kuti ndiuye kwaMuri pamvura.”

¹⁰⁸ Jesu akati, “Huya.”

¹⁰⁹ Zvino akaburuka, akati, “NdiShe, ndichangofamba.” Asi paakaisa meso ake pamasaisai, akatanga kutya. Chii chakauya mupfungwa dzake? Chekutanga, iye... “Ndiri kuzofamba nokuti Shoko randiudza kuti ndifambe.” Zvino chinotembera, akatarisa kwake...zvakanaka, akatarisa kune chinhanu chemamiriro ake; akatarisa kunze uko ndokuona kukura kwanga kwaita masaisai aye, zvino akabva atya; uye paakadaro, akabva anyura. Maona? Zvaakatya, zvakaitika! Zvaakatenda, zvakaitika! Paakatenda kuti aigona kufamba, akafamba; paakatenda ndokuzotya, mukutenda kwake, zvino rubatso rwake rwakamusiya. Maona? Akaramba achipupura kutenda kwake, asi akanga asina rubatso. Rubatso rwainge rwakaenda nepamusoro pemafungu machena ndokuenda kwaAri chaiko, munoono, kana aine Kutenda Kwakakwana. Maona? Asi akanga asinako. Aifunga kuti aiva nako. Akadaro pekutanga, aiva akazvipira kunyatsa kubudako, “Handiti, *Ishe* vandiuudza kuti ndizviite, zvinofanira kuitika.” Saka anongodzika kubuda muigwa, oenda. Haana kumbofunga nezvema—ma—ma—masaisai, kuti zvaipesana sei. Haana kumbobvira ava nazvo mupfungwa dzake.

¹¹⁰ Zvino, paunotanga kufunga, “Zvakanaka, zvino mira. Zvino, unozviziva, ndanga ndichirwara kwenguva refu, ini...”

Mira! Ungatosva hako wadzokera kuigwa. Maona? Maona? Asi paunomira kufunga pamusoro pazvo, . . .

¹¹¹ “Abrahama haana kutarisa mutumbi wake, wakanga wafa zvino, kunyange kufa kwechibereko chaSara.” Haana kumbofunga pamusoro paizvozvo, haana kana kumbozvitarisa. Hazvina kana kumbounzwa mu—mukunzwisisa kwake. Haana kana kumbozvitarisa zvachose; akangotarisa pane zvanga zvataurwa naMwari, ndokuenda mberi. Peter pa—paakaramba akadaro, akafamba.

¹¹² Asi Jesu airarama munyika yaisazivikanwa nemumwe munhu, aiva Munhu asinganzwisisike. Airarama munyika yeKutenda Kwakakwana muna Mwari Akakwana, uyo waAiva. Dai tairarama muKutenda Kwakakwana kweMukristu, kune zvatiri, tingadai tisinganzwisisike kunyika; vanhu havaikunzwisisa. Waizofamba muMweya. Zvaitaurwa neMweya, waiita. ZvaWairambidza, waisaita. Zvadaro vanhu vanotanga kuti . . .ivo . . .waizova munhu a—asinganzwisisike kwavari.

¹¹³ Ndizvo zvazviri kuvatendi vose, havanzwisisike. Vanhu havanzwisise, nokuti vanorarama munyika yavo vega. Jesu akararama munyika iyo yaisagona kubatwa nemumwe munhu. Vadzidzi waitadza kuMunzwisisa. PaAkataura navo, vakataura *izvi*. Uye zvino ndokubva vati, “Nhandi, Mu—Munotaura nezvirahwe! Ha—hatizvinzwisisi. Ko zvingadaro sei?” Munoono, vakanga vasiri munyika yaAirarama mairi. Maona, vakatadza kuMunzwisisa, hapana aigona kuMunzwisisa.

¹¹⁴ Zvino saka kana munhu akararama nekutenda uye ofamba nekutenda, ndichireva kutenda kunova rubatso, anopatsanurwa kubva kunyika yose ova chisikwa chitsva munaKristu. Zvadaro, zvino wave kupinda mumhando chaiyo yeMwenga. Maona? Maona? Maona? Wave kupinda muchinhano chekubvutwa, zvino. Zvinorevera kune mumwe nemumwe wedu; kwete mufundisi bedzi, madhikoni, matirastii. Zvinoreva kuti kukereke, munhu mumwe nemumwe anofamba mune nyika aina Mwari oga. Unobhabhatidzwa muHumambo uhwu, uye hamuna munhu imomo kunze kwako naMwari. Maona? Anopa rairo, iwe wodziita. Chero chipi chaAnotaura, hapana kana mumvuri wekupokana papi zvapo, unofamba uchienda mberi chaiko. Kana Ishe vakataura *izvi*, hapana munhu munyika anogona kukutaudza kubva pazviri, unongoenda mberi zvakadaro. Zvino wave kupinda muKutenda Kwakakwana, kukwaniswa kwakakwana kusingakundike. Kutenda *ikoko* hakumbokundike. Hongu, Aiva chakavanzika kwavari neKutenda kwaKe Kwakakwana; uye ndizvo zvazviri zvino kune kune vane Kutenda Kwakakwana, vasinganzwisisike kune vamwe.

¹¹⁵ Tinodzidziswa kuti “dzivisai dhiyabhorosi, achatiza kubva kwatiri.” Zvino, kudzivisa kungoita “kumuramba”;

chingomudzivisa, ndiko “kungofamba kubva pazviri.” Mwari vakataura chimwe chinhu; hazvina basa kuti ari kuedza kukutaurira kuti kudini, hautombomuteereri. Iwe une... nzeve dzako hadzigone kunzwa chimwe chinhu zvachose kunze kwezinotaurwa neMweya. Maona? “Kune uyo ane nzeve (anoteerera), ngaane zvinotaurwa neMweya kumakereke”; uyo ane pekuteerera, panobata zvinotaurwa neMweya kumakereke. Maona?

116 Zvinotaurwa naSatani, “Zvakanaka, handingogone...” Hazvina chekuita... “Zvakanaka, ukadzidzisa izvozvo, sangano rinokubu...” Hazvinei nechekuita nazvo, anoenderera mberi zvakangodaro.

117 “Uyo ane nzeve, ngaanzwe zvinotaurwa neMweya kumakereke.” Munoziva, muBhaibheri, Rinogara richitaura kudaro. “Kune uyo ane kutenda. Kune uyo ane nzeve yekunzwa, ngaanzwe.” Maona? “Uyo ane zivo, ngaaverenge nhamba dzechikara.” Zvinhu zvose izvi zvakasiyana-siyana. “Uyo anayo, ngaazviudze kune vamwe vese, kuti vawanewo.”

118 Uye ndezvekubudikidza nekutenda zvatiri kutaura pamusoro pazvo zvino, kutenda kwaunofanira kuva nako, Kutenda Kwakakwana kuya; Kutenda kuya kunoti, “Hongu!” Hapana chinogona kuti “kwete” kana Mwari vati, “Hongu.” Maona? PaAnoti “Hongu,” Inova “Hongu!” Uye hapana chimwezve chinogona kuZvitora kubva kwauri.

119 NeKutenda kwaKe Kwakakwana, Aiva asinganzwisisike chose. Zvino dhiyabhorosi haana kugara pedyo naYe kwenguva refu. Tazviona muchidzidzo mangwanani ano. Paanouya nezenze riya guru re—remaonero enjere, akaita zenze achipesana naJesu paya paakauya, ndokuona kuti akarovera patambo yezviuru gumi zve magetsi: yakamukandira kudzoka kumashure chaiko. Hongu changamire. Akati, “Zvakanyorwa kunzi, munhu haangararame nechingwa choga!” Whew! Akagwinhwa paye.

Akaya zvakanyorovera zvishoma nguva yaitevera, paakati, “Zino Uri Munhu mukuru, Unogona kuZvitutumadza kumusoro kuno, kuita mumwe munhu.”

120 Akati, “Tbva shure kwaNgu, Satani.” Oh, ini zvangu, zvaakasangana nazvo! Uye, “Haungayedzi Ishe Mwari wako.” Munoono, Akazviratidza pachaKe kunaSatani kuti Aiva Ishe Mwari. “Nokuti zvakanyorwa kunzi, ‘Haungayedzi...’”

121 Zvino, kana—kana Satani aisaziva kuti izvozvo aiva Ishe Mwari, angadai akati “Mira kweminiti, handiWe Munhu iyeye.” Uye aiziva zviru nane pane kuita gakava naYe.

122 Aiziva pekumira. Akati, “Haungayedzi Ishe Mwari wako.” Zvino ndiYe waAiva. Uye Satani aiziva zviru nane pane kutaura izvozvo, nokuti mabasa aJesu akanga atoratidza kuti Aiva Ishe Mwari wako.

123 Cherechedzai zvino mumwe. Kutenda Kwakakwana kunotonga mamiriro ezvinhu ose. Kutenda Kwakakwana kunotonga mamiriro ezvinhu ose. Hazvina basa kuti chii, Kunongotonga. Zvino, tarisai! Paunotenda chero chinhu, woita chero chinhu, uye uine kutenda mune zvauri kuita; hazvina basa kuti mamiriro akadini, hazvina kana nechimwe chete chekuita nako. Munoono, kunotonga mamiriro ezvinhu iwayo. Kana muri mu—muimba yehurwere, uye Ishe varatidza kuti chakati chiri kuzoitika, iwe ingozvireva woenda mberi.

124 “Oh, zvinodaro...?” Usangobvunza mibvunzo yese-yese. Zvatopera kare, ingoramba uchienda mberi. Maona? Kunotonga mamiriro ezvinhu ose. “Zvakanaka, kana ukaita *ichi, Nhingi nanhingi* vachazoita...” Izvo...munoono, Kwatozvitunga nechekare. Maona?

125 Kutenda kunotenda kuti Mwari vachazviita. “Handizive kuti Vachazviita sei, asi Vachazviita vakadaro.” Maona? Kunonatsa mamiriro ezvinhu ese.

126 Uye kutenda nerudo zvine ukama, nokuti haugone kuva nekutenda kunze kwekunge uine rudo, nokuti kutenda kwako kuri munaMwari Uyo anova zviri rudo chaizvo. Kutenda nerudo zvinoshanda pamwe chete.

127 Pano, sevechidiki vaviri vanodanana. Ukatora murume wechidiki nemudzimai wechidiki, uye vaine rudo...vanopinda murudo mumwe kune mumwe. Zvino pavanotanga kufamba pamwe chete votanga kuzivana nepadyo, moyo yavo inogotanga kuroverana semumwe chete. Maona? Vari—vari...asi havasati vave murume nemudzimai, asi rudo rwavo rwunovabatanidza pamwe chete, uye vane ruvimbo mumwe kune mumwe. Zvino, kana vachinyatsodanana, kunyatsoda, uye uchiziva kuti musikana uyu anokuda uye—uye musikana achiziva kuti unomuda, muine ruvimbo (kutenda mune mumwe nemumwe wenyu) kana muine kutenda mumwe mune mumwe; kana usina, zviri nane ukasamuroora. Maona?

128 Cherechedzai, unofanira kuva nekutenda. Zvino ukavapatsanura woisa mumwe zasi-zasi kwemaodzanyemba nemumwe kumusorosoro kwechamhembe, pachingori nerudo runodairira mumwe kune mumwe, zvisinei kuti varipi. Vakangotendeka mumwe kune mumwe nekukwanisa kwavo kwese, nokuti vanodanana. Zvino kana uchida Ishe, kwete kungoedza kunzvenga gehena, asi uchida Ishe, zvino unova nekutenda muna Mwari; munoono, kana uchiMuda.

129 Semu—musikana wechidiki...zvichangobva kuitika muno muLouisville, nguva pfupi yapfuura. Mudzimai, aiva—aiva... aiva Mukristu kwemakore akawanda, asi murume wake akanga achango... akapinda murudo, mudzimai akadanana nemurume uyu. Akanga ava Mukristu, kwemakore mashoma. Saka zvino vakaroorana; vaidanana uye vaiva neruvimbo mumwe kune

mumwe, zvino vakaroorana. Zvino saka mudzimai akataura kumurume, akati, “Mudiwa, zvinofanira kunge zvakakuomera, ungori muduku paChikristu. Wakawana zvakawanda zvawakapinda nemazviri.” Kunwa doro ndiko kwazvaiva. Akati, “Wakawana zvakawanda zvawakapinda nemazviri.” Uye akati, “Ndinoziva kuti uchayedzwa zvakanyanya.” Uye akati, “Ndinoda kuti ugoziva chimwe chinhu zvino. Zvino, zvikaitika kuti wakundikana, kana zvikaitika kuti—kuti wawira mumuyedzo wokundika, usatadze kuuya kumba; iwe dzoka zvako. Dzoka pano chaipo, nokuti ndi—ndichazenge ndiri pano ndakakumirira, uye ndichazokubatsira kunamata zvakare kusvikira wawana kukunda. Ndichagara newe, nokuti pandakachata newe, ndakachata newe nokuti ndakakuda. Uye hazvina basa kuti zvadini, ndinongokuda.”

¹³⁰ Mazuva mashoma mushure mazvo, murume aidya kudya kwemasikati nemachinda zasi muimba yekufashaidza mvura, aivaudza pamusoro pazvo, akati, “Zvino, ko munhu angaita chinhu chakaipa sei kana mumwe munhu achikuda zvakadaro?” Maona?

¹³¹ Hezvoka kwamuri. Ko—ko ungatadzira sei ruvimbo irworwo?

¹³² Pataiva vatadzi, takarambwa, tisina Mwari; tiri munyika, mumatakanana emadhaka, sezvandataura pamusoro pazvo mangwanani ano, Mwari vakauya kwatiri! Mwari vakakutsvaga, hauna kumbotsvaga Mwari. “Hapana munhu anogona kuuya kwaNdiri kunze kwekunge Baba vamukweva kutanga.” Zvino Mwari vakauya mumatakanana iwayo, awaiva maari, ndokukutsvaga vakakubuditsa! Izvozvo zvinofanira kusika Rudo Rwakakwana. Tarisa zvawanga uri, uye tarisa zvawava. Chii chakazviita? Mumwe munhu anokuda! Haugone here kuva nekutenda mune zvaAkakuvimbisa, zvino? Rudo chairwo rwechokwadi rwunounza ruvimbo muShoko rake.

¹³³ Akandibata pandaisava chinhu. Nazvino handisi chinhu, asi ndiri muruoko rwaKe. Munoono, Akandibata. Uye Akandida pandaisadiika. Akakuda pawaisadiika, asi Akakushandura. Sezvakataurwa nevahanzvadzi vaya vechitema, panguva iya muchapupu chavo, vakati, “Ha—handisi zvandinofanira kuva, uye handisi zvandinoda kuva, zvino handisi zvandaimba!” Vaiziva kuti vakanga vabva pane imwe nzvimbo, chimwe chinhu chikaitika. Uye ndizvo zvazviri. Kana Mwari, pandaiva kure naYe, akandida zvakadaro kusvikira Akaderera zasi kuti asvike pandiri nekundinhonga, zvinondipa kugutsikana kwekuti Anoda kundishandisa. Ane chinangwa chekuzviita. Akaona chimwe chinhu mandiri. Akaona chimwe chinhu mauri. Aiva nechikonzero chekukuponesa, tarisa vanhu vasina kupona nhasi. Tarisa mamiriyoni aAngadai akatora kunze kwako, asi Akakutora. Amen! Hapana anogona kutora nzvimbo yako.

Ameni! Uri muhurongwa hwaMwari. Hapana anogona kuzviita. Ndirwo Rudo rwaKe kwauri.

¹³⁴ Zvadarwo, rudo rwako harwusvikire kudzoka kwaAri chaiko here? Zvino pane chiitiko cherudo. Hazvina basa kuti mamiriro ezvinhu akadini, mamiriro ezvinhu acho anotongwa neRudo urwu rwunounza Kutenda: kuti Mwari anokuda uye iwe unoda Mwari, uye imi munodanana, zvino—zvino izvozvovunounza Kutenda. Zvakanaka. Zvino hazvigone—hazvigone kurega kubuditsa zvakananga chaizvo sekuvimbisa kwakaita Mwari kuti zvizodarwo.

¹³⁵ Zvino, tarisai! Kutenda Kwakakwana kwakachena, sekungochena kwakaita rudo. Maona? Zvino, kana uchida mumwe munhu, uye uine. . . unoda murume wako kana kuti unoda mudzimai wako. Zvino, hapana chikonzero chekuti mumwe munhu akuudze “hauzviite” kudaro, nokuti iwe unozviita kudaro, uye unozviziva kuti unodarwo.

¹³⁶ Zvino, dai ndaikubvunza, “U—unogona kuzvitaridza sei kuti unodarwo?”

¹³⁷ “Oh, ndinozviratidza nenzira yandinorarama kwaari.” Maona? “Ndiri mudzimai wechokwadi, akatendeka. Ndiri murume akazvipira, akatendeka, uye zvinondiratidza kuti ini—kuti ini ndinoda mudzimai wangu; kana ndinoda murume wangu.” Munoono, hupenyu hwako hunoratidza zvauri. Zvimwe chetezvo zvinoitwa neChikristu. Maona? Kutenda kwako, mune ruvimbo mumwe kune mumwe, rwakachena. Uye chimwe chinhu chemazvirokwazvo, chausingagone kuratidza kune mumwe munhu, asi unacho, uye mabasa ako anozviratidza.

¹³⁸ Zvino kana wava neKutenda kwakachena, kusina kusvibiswa, sezvakaita rudo rwako kune mumwe wako, zvino unozviratidza nemazvibatire aunozviita. Hauchanyunyuta zvakare, unoziva kuti zvapera, ingoramba uchifamba uchienda. Hazvina basa kuti chinhu chacho chiri kuratidzika sei, zvinotaurwa naani zvake, unoziva zvaitika. Unoziva kuti zvakatopera; sekungoda kwaunoita murume wako, sekuzivawo kwaunoita kuti unoda. . . Munoono, rudo nekutenda zvinofanira kufambidzana. Ihama, zvinoda. Rudo rwunounza Kutenda.

¹³⁹ Satani paanotiyedza, tinofanira kumudzivisa muKutenda Kwakakwana mune Shoko Rakakwana, sezvakaita Jesu. Shoko raMwari raKakwana. Tinofanira kuva neKutenda Kwakakwana muShoko rino rakakwana, zvino todzivisa Satani.

¹⁴⁰ Zvino tichachimbidza, nekukwanisa kwatinogona.

¹⁴¹ NeKutenda kwaKe mu—muShoko raKe isu (iYe anokunda), tinogona kukunda chero chinhu: zvoze rufu, gehena, nebwiwo. Tinoziva kuti Mwari ndiMwari, Kutenda kuya Kwakakwana muShoko rakaKwana raMwari, Akakunda zvoze zvaAkasangana nazvo. Rufu rwaisatombogona kumira muHupo hwaKe. Hurwere hwaisambogona kugara muHupo hwaKe.

Kuyerera kubva kwaAri zvaiita senzizi dzesimba, dzichibuda nguva dzose, simba richibuda kubva muhanzu yaKe. Vanhu ava, vakarara mumimvuri yaKe; kufamba, voisa munwe wavo pahanzu yaKe uye vopora. Mudzimai uya paakadaro, zvino munhu wese aida kubata hanzu yaKe, nokuti vakanga vaona kuti pane simba raibuda maAri nguva yose, raiyerera senzizi. Hapo paAiva, achifamba, achifamba munyika ine Kutenda Kwakakwana, nokuti iYe aiva Shoko.

¹⁴² Uye zvino, “Kana muchigara maNdiri,” kubudikidza naYe, Akaunza Shoko kwamuri; “uye Mashoko aNgu achigara mamuri,” zvino fambai nenzira imwe cheteyo: masimba achiyerera kubva mamuri, nzizi dzezvitubu zvaMwari zheropafadzo dzichingoyerera kubuda kuvanhu. Munoono zvandiri kureva? Zvino hausi kuita zvekunyepedzera, hausi kuita zvekuzvifungidzira. Zviri kutonyatsoitika, uye unozviona. Kana uri kungozvifungidzira, hazvina zvazvinokubatsira; asi kana zviripo zvemazvirokwazvo, zvakanyatsoitika.

¹⁴³ Zvino cherechedzai! Tarisai, naiKo, paAkasimuka Akati, “Kana mukaparadza Mutumbi uno (Temberi ino), Ndichaumutsa zvakare mumazuva matatu.” Sei? Akanga akangogutsikana kuti Aizodaro, nokuti Magwaro akataura kuti Aizodaro (Mhesiya): “Handingasiye mweya waKe mugehena, uye Handingamboregi Mutsvene waNgu kuti aone kuora.” Muporofita, uyo Shoko rinouya kwaari, akanga ataura kuti zvaizoitika, uye Aiziva kuti ndiYe Munhu wacho.

¹⁴⁴ Zvino apo. . . Jesu, pachaKe, akati, “Munamoto wekutenda uchaponesa varwere,” kana “Vachaisa maoko pamusoro pevanorwara, uye vachapora.” Kana. . .

Unofanira kuva neruvimbo rwakakwana rumwe chete rwekuti “kana maoko aiswa pamusoro pangu, ndichapora,” nokuti Akataura kudaro.

¹⁴⁵ Akati, “Imi paradzai Mutumbi uNo, uye NdichaUmutsa,” nokuti Aiziva kuti Aiva Mhesiya. “Handingatenderi Mutsvene waNgu kuti aone kuora”; Aiziva kuti ndiYe aiva Mutsvene waCho. “Uye haNdisiye mweya waKe mugehena”; Haana. Aiziva kuti Aizozviita. Aiva nekugutsikana kwekuti Aivapo kukunda zvose rufu negehena, akati, “Iparadzei, kana muchida, uye NdichaUmutsa zvakare mumazuva matatu.” Oh, ini zvangu! “Ndine simba rekupira hupenyu hwaNgu kurufu, kana kuti ndine simba rekuudzosa zvakare”; Aiziva kuti Aiva Ani.

¹⁴⁶ Uri Mukristu. Une kodzero kuropafadzo ripi zvaro rerudzikinuro iro Jesu raakakufira. Nderako rose! Rakatobhadharirwa nechekare, unongofanira kuzvitenda bedzi. Kwete kuzvifungidzira; asi kuzvitenda, uye uzive kuti nderako, uye unogona kuriita rako. O, ndiko Kutenda kwekukunda: ziva! Hongu.

¹⁴⁷ Aiziva kuti zvaizoitika zvisati. Aigona kufanotaura kuti zvaizoitika, nokuti Aiziva kuti zvaizoitika; uye chero zvaAkafanotaura, zvakaitika. Zvino, tarisai! Chero chaAitaura, Mwari vairemekedza zvaAitaura. Pafungei! Chero chaitaurwa naJesu, Mwari vaIchiita. Saka, Aiziva kuti Mashoko aKe aiva Mashoko aMwari. Zvino, tarisai! Gwaro rimwe chete rinonyatsakudzoka matiri zvakare, “Kana *ukati* kugomo iri.” Oh, ini zvangu! Ndi—ndichangoti zvisinine zvishoma, munoona, nokuti tiri kuzova nemutsara wemunamato. Tichasunungura ungoro tonamatira vanorwara, avo vanoda...vanofanira kuenda.

¹⁴⁸ Tarirai! Aiziva kuti Aifadza Mwari. Aiziva kuti pakanga pasina chinhu paupenyu hwaKe. Mwari vakanga vatopupura nekare, “Uyu Mwanakomana waNgu Uyo waNdinofarira, Munzwei! Uyu Mwanakomana waNgu waNdinofarira kugara maAri,” pazuva rekubhabhatidzwa kwaKe. “Ndinofadzwa kuita ugaro hwaNgu muno, hapana kupomerwa kwaAri zvachose.”

¹⁴⁹ Zvino, kana Mwari mumwe chete auya kwauri, uye ofadzwa kugara mauri, achifadzwa nekuremekedza shoko rako, zviri sarudzo yako, . . . Chii chaiva sarudzo yaJoshua? “Mirapo, zuva!” Zvino rakamira ipapo. Amen! Chokwadi! Sarudzo yaMosesi yaiva yei? Akabata tsvimbo yake pamusoro pe—perwizi sezvizi, ndokuridanira kuti “Zaruka!” Uye rikazaruka! Munoona, chero chipi chaunokumbira. “Zvino ukati kugomo iri, ‘Simudzwa’, worega kupokana, unoona, mumoyo mako, asi wotenda kuti zvawataura zvichaitika, unogona kuwana zvawataura.” Zvinokudzosa *ive* muShoko. Zvino, hausi mukaka wevana vacheche. Maona? Zvinokudzosa *ive*. Ndinoziva kuti zvichasvetuka nepamusoro penyu, zvichida, munoona, nokuti haKugone kubatirira. Asi kutenda kwechokwadi, kwemazvirokwazvo kunozvibata, izvezvi.

¹⁵⁰ Ndakazviona, shamwari. Herino iri Bhaibheri rakazaruka pamberi pangu. Ndakazviona zvichiitika, uye ndinoziva kuti iChokwadi. Ndinoziva, Mwari vari Kudenga vanoziva, kuti ndinogona kutadza kurarama kusvika ndapedza mharidzo ino, asi ndi—ndinoziva kuti zvakaitika. Ndakazviona pachangu. Ndiri chapupu cheShoko iroro richizadzikiswa, kuti ndinoziva kuti iRó iChokwadi: kuzvitaure, wogomira ipapo ndokuona Musiki achiunza chisikwa chinorarama kuti chivepo, pamberi pahupo hwemeso ako; wodzungudza musoro wako woshamisika; zvino wotarisa-tarisa woona Achiunza chimwezve, chakangofanana nacho, nokuti *ive* wataura kudaro; wotendeuka kuno woti, “Pachava neimwe apo,” wotarisa, uye heyo iyo! Zvino, ndicho chokwadi.

¹⁵¹ Oh, tinofanira kunge tiripi? Ndiko Kutenda Kwakakwana. Pasina chiratidzo, “Ingotaura Shoko,” handina kunge ndamboona tsindi. Akangotaura Gwaro *iri*, zvaraiva, uye “Zvitaure, uye usazvipokane; asi zvauchataura, zvichavapo.”

Zvino ndakatora Mwari paShoko raVo, uye ikavapo. Ndizvozvo. Zvakangosimba...Zvino shamwari, semufudzi wako, zvakangosimba sezvazvaiva apo Joshua akamisa zuva; nokuti zuva rakanga ragara riripo, zvinoonekwa zvakasikwa zvaifamba, iye ndokumisa kufamba uku. Asi izvi, Akaunza chimwe chinhu ipapo chakanga chisipo, Akasika! Ndinofara kubatanidzwa naMwari anogona kutora guruva renyika, rimwe zuva, pasina chimwe chinhu, ondidanira kuhupenyu zvakare, kutenda kumwe chete kuya, mushure mekunge ndadyarwa muguva. Oh, ini zvangu! Hezvo pazviri.

Kutenda kwangu kunotarisa kwaMuri,
Iwe Gwayana reKarivhari,

¹⁵² Iwe taura worega kupokana, asi wotenda kuti izvo zvawataura, uchawana zvawataura. Munoono, tenda kuti zvichaitika!

¹⁵³ Dhavhidha, muMapisarema, akataura pamusoro paKe. Zvino nako, Akatora simba raKe Akashumira kune vamwe. HaAna bedzi kurichengeta pachaKe, asi Akashumira kune vamwe naro; akaponesawo vamwe, kunyange kure, uye Anogona kuita chinhu chimwe chete iye zvino. Akavimbisa kutenda kumwe chete kuvatendi, muShoko raKe, uye Johane...saJohane 14:12, Akataura kudaro; Marko 16; kunyangwe muna Marko 11:23, tichangoiverenga.

¹⁵⁴ Zvino, tarirai. Zvino, Akaonekwa pakati pedu muchimiro chimwe chete icho akadaro kwavari muTestamende Yekare, uye zvimwe chete nezvaAkaita mune Testamende Itsva; uye akaratidza neShoko rimwe chete, Kristu mumwe chete. Uye ndinoreva kwamuri kuti Kristu ndiMweya Mutsvene. Sho—Shoko rekuti *Kristu* rinoreva “uyo akazodzwa”; angori munhu akazodzwa, anonzi Kristu, muzodziwa. Vangani vanoziva kuti ichokwadi? Ndiyo dudzir...Uyo akazodzwa, paizova nemunhu ainge akazodzwa. Akazodzwa nei? Bhaibheri rakati munaMabasa 2, kuti Jesu weNazareta, Murume akasimbiswa naMwari, akazodzwa neMweya Mutsvene; akatenderera akaita mabasa makuru nezvinhu, munoono, ayo akaratidzirwa naMwari, kuratidza kuti Aiva muMurume uyu.

¹⁵⁵ Uye zvino, tinobva tazodzwa neMweya mumwe chete, vanamhesiya vakazodzwa; vanamhesiya vezuva rekupedzesera, kupenya tichiratidzira kumuka kwaJesu Kristu; kuratidza kuti haAna kufa, asi muchimiro cheMweya Mutsvene, Ari muvanhu vaKe; achifamba pakati peMwenga waKe, nechitiko cherudo kwaAri, achizvidurura pachaKe, muMwenga. Vari kuva mumwe chete kuitira Mabiko eMuchato; uye zviratidzo zvimwe chete, zvakavimbiswa naMwari mumwe chete, muShoko rimwe chete, zviri kuita zviratidzo zvimwe chete.

¹⁵⁶ Hapana chimwe chasara kuti tiite asi kuRitenda, uye “kuzvitenda” *rubatso*, uye zvinogadzira Kutenda Kwakakwana.

Chingofunga ku—kupusa kwatakaita; chingozvifunga kweminiti, zvino.

¹⁵⁷ Zvino, ngationei. Akaita zvinhu zvose zvakanaka here? Akambotudza chimwe chinhu here, kunze kwezvakitika chaizvo nenzira yaAtaura nayo? HaAna here kuzviita, uye Shongwe yeMoto huru haina kunge iri pakati pedu here nokuita chaizvo zvaAkavimbisa kuita? Hatina kuIona here? Sainzi haina kuItora here, mushure mekunge kwafanotaurwa zvaizoitika; uye ndokunyatsoendako ndokuva nazvo mumapepanhau nemamagazini, zvikaiswa imomo ndokuratidzwa, apo makazviudza mwedzi yakapfuura zvisati zvaitika? Haana kuita here nenzira imwe cheteyo yaAkaita muTestamende Yekare, neTestamende Itsva? Uye Ndiyo imwe chete Chaiyo! Mweya Mutsvene mumwe chete unouya, uye Munzveri. “Zvino Shoko raMwari, ibenyu rinopinza pakucheka kupfuura munondo unocheka nemativi maviri, Munzveri wepfungwa nemifungo yemoyo.” Handizvo here? Handiye Mwari mumwe chete here? Zvino, mumwe chete Iyeye, haasi mutorwa anobva kumwewo, Ari pano. Ari pano, anozviita kuti asike Kutenda Kwakakwana. NdinoMunzwa. Ndinoziva kuti Ari pano zvino. Ndinoziva kuti Mweya waKe uri pano. Ndinoziva kuti Anoziva zvinhu zvose. Amen! Uye ndinoziva kuti Ari kuda ku—kuita chimwe chinhu. Anga ari kuita chimwe chinhu, ku—kusika kukwaniswa kwekutenda uku muvanhu.

¹⁵⁸ Tiri kuzofamba kupinda munaZiendanakuenda here, sezvazvaiva mumazuva aNowa, nemweya misere yakaponeswa? Tiri kuzouya saRoti here, nevatatu vakabuda muSodhoma? Tiri kuzouya here, semumazuva aJohane Mubhabhatidzi, nevatendi vatanhatu? Ngatitendei, nokuti mabasa aKe akakwana! Anoratidzwa mazuva ose zvakakwana pamberi pedu, kutaridza kuti iYe iShoko, Shoko! VaHebheru, chitsauko 4, inoti.

...shoko raMwari...rinopinza kupfuura munondo unocheka kumativi maviri, . . .kuyangwe munzveri we pfungwa nemifungo yemoyo.

¹⁵⁹ Zvifungei! Shoko raMwari Ndiro izvozvo, Munzveri wemifungo yemoyo. “Nokuti Shoko raMwari ibenyu rine simba uye rinopinza kupfuura munondo unocheka nemativi maviri, rinobaya panoparadzana moyo nemweya, namafuno nemwongo, uye Munzveri wemifungo nendangariro dzemoyo.” Shoko rakaitwa nyama! Hallelujah! Shoko richishanda munyama yemunhu, nezviratidzo zvinoooneka, nezviratidzo zvinobatika, nezviratidzo zveMagwaro, zvakananga, kukuunzirai Kutenda Kwakakwana kuitira Kubvutwa Kwakakwana.

¹⁶⁰ Sei tisingagone kuRitarisa? Kwete chisinganzwisisike; dhiyabhore akaisa zvinhu zvese zviri munyika pamberi pako, kuyedza kukurega, kukuita...kukudzivisa kuti usaRitende. Achaunza mumwe musangano zvino okukandira zvose

zvaanogona pamberi pako. Zvizunze kubva pauri! Bhaibheri rinoti, “Simuka uzvizunze.” Zvitswinye.

¹⁶¹ Mweya waKe uri pano, Anokuziva. Une chinhu chimwe chete chekuita, uye kuUtenda, kuUgamuchira. Anoziva. Munozvitenda here? Anoziva zviri mauri, Anoziva izvo zvauri, Anoziva chishuwo chako, Anoziva chaunoda.

¹⁶² Jim, unotenda kuti Anoziva pamusoro pemwana uyo here? Maongorora fivhiri yake musati mauya, zana neshanu. Unotenda kuti Achaipodza? Yauya paari, nhasi, ndokurwara. Ichamusiya. Ndangotarisa uko ndikavaona vasati vabva kumba, zvavaita. Zvino, ichokwadi.

¹⁶³ Mai Little, munotenda here kuti Mwari vanokupai kukunda pamusoro pechirwere cheshuga ichocho? Pane mudzimai akagara parutivi rwenyu, handikuzive, asi Mweya uri paari. Ari kunetseka pamusoro pemudiki . . . ane mwana ari kufanira kuoparetwa paziso kana chimwe chinhu. Anobva kuChicago. “Ibenyu, rine simba, kupfuura munondo unocheka kumativi maviri; Munzveri.” Chii? Shoko! Munozvitenda here? Zvirokwazvo.

¹⁶⁴ Pane mudzimai akagara mumutsara unotevera apo; achangobva kuoparetwa ziso, zvisina kunyatsoita zvakana. Asi iwe—iwe Ritende, zvicha . . . ucha—uchapora. UnoRitenda here? Zvakana. Iye, mudzimai anga achifunga pamusoro pazvo.

¹⁶⁵ Mai Peckenpough, hazvisi zvenyu, ndezve muzukuru wenyu mukomana akagara pano. Muri kunamata pamusoro pazvo, asi munotenda kuti Mwari vanomupodza? Munotenda kuti Mwari vanogona kunditaurira chakakanganisika paari. Vanachiremba havasi kuziva; kwete. Ndizvozvo. Mapapu ari kuzvimba. Ndizvozvo. Ane chirwere cheropa. Ndizvo! Vari kuti vhiringikei pamusoro pekuti vachamutendera kuti aende kuchikoro here kana kwete. “Ibenyu, rine simba, kupfuura munondo unocheka kumativi maviri.”

¹⁶⁶ Ndiri kuona mudzimai achirasikirwa nekudya kwake. Ari pane imwe nzvimbo, regai ndione chiso chake pane imwe nzvimbo. Hongu, agere shure uko. Zita rake ndiMai LewEllen. Anotenda nemoyo wake wose, kuti dambudziko remudumbu richakusiya. Amen!

¹⁶⁷ Hepano pane mudzimai akagara kune rumwe rutivi kubva paari, akanditarisa izvozvi, akagara pamucheto; akapfeka magirazi. Ane arthritis. Iri muruwoko rwako rwekuruboshwe; yanga iri, asi haichisiri zvino. Hongu, kana ukatenda!

¹⁶⁸ Ko mwana mudiki uyo, kumashure chaiko uko? Anobva kuOhio; ane kenza muziso. Unotenda kuti Mwari anomupodza? Achazviita, iwe zvitende. Ashland, Ohio! Tenda zvino kuti Mwari achamupodza, Achazviita. Changa Chiri chii? “Ibenyu, rine simba kupfuura . . .”

169 Hepanoi pagere mudzimai pano, pane chamurova, ane dambudziko mubendekete rake. Ndizvozvo. Ndizvo here? Zvakanaka, Ritende, uye richakusiya. Maona? “Shoko raMwari, Munzveri wepfungwa nemifungo yemoyo.”

170 Zvino, hapana makadhi emunamato muchivakwa chino. Hapana munhu wekunamata...apa makadhi emunamato. Hatiashandise pano, kunze kwekunge pachingoda kuchengetedzwa hurongwa. Munoda kunamatirwa? Vangani vanoda kunamatirwa apo Shoko rinenge richiratidzwa nemunyama? Itai kuti mutsara uyu pano usimuke mouya zasi nekuno, kunyatsodzika nepekufamba napo apa kutanga, muno chaimo, imi vanoda kunamatirwa. Zvino, mushure mazvo, ndinoda kuti mutsara uyu ugouya mumashure mavo. Zvino kana vachinge vapedza, itai kuti mutsara uri nechekuno uuye.

171 “Ibenyu, rine simba kupfuura...” Munondo unocheka kumativi maviri ungaita izvi here? Kwete, changamire! Asi Shoko raMwari rinogona kuzviita. Sei? IShoko raMwari. Zvino, iwe unozvitenda here?

172 *Murapi Mukuru!* Iripi hanzvadzi iya inobva zasi ku—kuTennessee, Hanzvadzi Ungren, kana Downing? “Murapi mukuru zvino ari pedyo.”

173 Handife ndakazvikanganwa, kuFort Wayne usiku huya apo musikana mudiki uya wechiAmish kana kuti Dunkard anga akagara ipapo, achirwuridza, “Murapi mukuru zvino ari pano,” achinzwa kuti mukomana uya muduku akanga apodzwa, akasvetuka mudenga, Mweya Mutsvene ndokumuwira, bvudzi rake rakanaka rikadonhera pamapendekete ake, zvino piano haina kumborasa rusambo. “Murapi mukuru zvino ari pedyo, Jesu anonzwira tsitsi.” Simba reMweya richiafambisa makiyi epiano, ichiridza “Murapi mukuru zvino ari pedyo.”

174 Tarisa, muri...Munotenda here? Munofanira here kudaro? Maona? Zvino rangarira, paunopfura...Zvino, kana usingazvitendi, usauye, gara pasi. Iti, “Handisi kuzodaro. Handisi kuzongowira mune izvi. Ndiri kuuya, kuzvitenda.” Paya ini...

175 Bhaibheri rakati, “Zviratidzo izvi zvichatevera avo vanotenda. Kana vakaisa maoko pamusoro pevanorwara, vachapora.” Ndizvozvo chaizvo. Zvino, zvine zvirango, “kana ukaRitenda.” Zvino, ndinozvitenda. Mwari vakazviratidza kwamuri, ndinoRitenda. Munoono? Anoratidzira Shoko raKe, kuratidza kuti iShoko raKe. Kuzadziswa kweGwaro, kuratidza kuti ndizvo. Zvino, zvitendei pamunopfura nepano. Muchadaro here? Uye zvino pandichaisa maoko angu pamusoro penyu... ndizvo chaizvo zvakataurwa neBhaibheri.

176 Mune mafuta ekuzodza pano here, Hama Neville? Atorei, mouya kurutivi rwuno, ngatingozadzikisai Rugwaro. Endai kurutivi rwuno, uye zodzai munhu wese pavanopfura, uye

tichavanamatira. Zvino, kuitira kuti ndive nechokwadi, kuti ndichaita munamato wekutenda kune mumwe nemumwe wenyu, ngatiitei kuti munhu wese aise maoko pane mumwe weavo vanotenda. Ingotambanudzai, mopesanisa maoko muchiisa mumwe pane mumwe. Apa ndipo patiri kuzoona chimwe chinhu mumaminiti mashoma.

¹⁷⁷ Ndichaona kuti kereke yangu yave mberi zvakadini, pane zvatinotenda mazviri; kuona kuti vanhu vave mberi zvakadini; uye kuti vakagadzirira zvakadini kutora Munondo vofamba pamberi kunorwiwa, voti, “Ndinokupikisa, Satani. Waona? Ndinokupikisa! Haugone—haugone kundiita kuti ndisatende zvachose.” Zvinhu izvi zvinoitirwei? Kuitira kuti vanhu vagotenda. IShoko. Ndipo pazvinoratidza kuti ndiri kukuparidzirai chokwadi, Shoko. Shoko rakaitwa nyama, rakaitwa nyama mamuri; yakaitwa Shoko; rakaitwa Hupenyu mamuri, rakaitwa Hupenyu mandiri. Maona?

Murapi Mukuru! Zvakanaka, ngatikotamisei misoro yedu zvino.

¹⁷⁸ Ishe Jesu, Murapi mukuru ari padyo zvino, Ndimi Chiremba wacho. Ndaparidza Shoko reNyū, uye Shoko renyu raratidza kuti Muri pano; kuti Muri mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi; kuti haMukundike. Hamuna kumbotikundika, Ishe. Uye zvino, dai mumwe nemumwe weavo vane maoko pamusoro pemumwe nemumwe, dai maropafadzo aMwari azorora pamusoro pavo. Zvino patiri kuuya, ivo vatendi. Uye patiri kuvazodza nemafuta, mufudzi neni, tovapfuudza nemumutsara uno, dai mumwe nemumwe apfuura pano aine kutenda kwekuzvitenda, kuziva kuti Mwari chaiye weKudenga akamira pano. Dai mumwe nemumwe azvizunza. Vangadaro here kwenguva ino chete, Ishe? Ingovatenderai. . . ngazvisinine, Ishe, nguva imwe chete. Vhurai meso avo, Ishe, kuti vagone kuona zviriri kuitika, uye vasapofomare, nekudziedzereka, asi kuona mazvirokwazvo eHupo hwaJesu Kristu akamuka kubva kuvakafa. Zvitenderei, Ishe, kubudikidza nemuZita raJesu. Amen.

¹⁷⁹ Ndinokurairai nemuZita raJesu Kristu, kuti usaye mumutsara uno kunze kwekunge uchinzwira kuti une Kutenda Kwakakwana ikoko, nokuti uri kungatora nguva yavo, nguva yemumwe munhu. Usazviite! Uye ne. . . munguva yese yandaparidza kwamuri, ndakambotaura here chimwe chinhu kunze kwezvakaitika? Chaizvo! Ishe vakazviita. HaVana kuzviita nokuda kwangu, ini ndinotenda. Vakazviitira imi, kuitira kuti mutende kuti zvandiri kukuudzai iChokwadi. Zvino imi zvitendei, zvichanaka, uye izvo. . . muchapora. Paunouya nepano, donhedzera kusatenda kwako muno chaimo. . . homwe yemweya zasi kuno. Hauione, asi iripo. Mafuta aya paanokubata, donhedzera kusatenda kwako ipapo chaipo. Siya izvozvo ufambe

uchibva uine Kutenda Kwakakwana kuti wapura. Uchazviita here? Ishe vakuropafadzei, zvino.

¹⁸⁰ Zvakanaka, ndiri kuzokumbira mumwe munhu anogona kutungamira nziyo, kungoti. . . Aripa muparidzi mukuru uya, hama, iya. . . ? Anonzi ani? Capps, Hama Capps. Vari mumutsara here? Hanzu chii? Uyai pano, Hama Capps, mumire apo mumbe (ungano) patiri kunamata tose, “Murapi mukuru ari pedyo zvino.”

¹⁸¹ Pavari kurwutungamira, mumwe nemumwe ngaaimbe mumoyo make zvino. Usangoimba, uchiti, “Ndiri kuzoimba, ‘Murapi mukuru ave padyo zvino, Jesu anonzwira. Kutaura, kunoita kuti moyo yakasuwa ifare, Jesu anonzwira.’” [Hama Branham vakatsanangura maimbiro asina kurevesa—Mupepeti.] O, o, o, ini zvangu!

¹⁸² Shaya yako yese! Pazviganwe zvako. Iya Shoko. “Hongu, Murapi mukuru ave padyo zvino, Jesu anonzwira!” Anozviratidza kuti Ari pano! NdinoMutenda. Amenii.

¹⁸³ Zvakanaka. Regai. . . Regai avo vane kutenda vauye mberi.

¹⁸⁴ Nemuzita raJesu Kristu, ndinoisa maoko angu pamusoro pemudzimai kuti apore.

Nemuzita raJesu Kristu, ndinotuka urwere.

¹⁸⁵ Zita raJesu Kristu, ndinoisa maoko angu pamusoro pehama yangu, kuitira kupodzwa.

¹⁸⁶ Zita raJesu Kristu, ndinoisa maoko pamusoro pehanzvadzi yangu kuitira kupodzwa kwayo.

¹⁸⁷ Nemuzita raJesu Kristu, ndinoisa maoko angu pamusoro pehama yangu kuitira kupodzwa kwayo.

Nemuzita raJesu, ndinoisa maoko pamusoro pehanzvadzi yangu kuitira kupodzwa kwayo.

Nemuzita raJesu, ndinoisa maoko pamusoro pehama yangu.

Nemuzita raJesu Kristu, ndinoisa maoko pamusoro pehanzvadzi.

Nemuzita raJesu Kristu, ndinoisa maoko pamusoro pehama yangu.

Nemuzita raJesu Kristu, ndinoisa maoko pamusoro pehanzvadzi yangu.

¹⁸⁸ Nemuzita raJesu Kristu, ndinoisa maoko pamusoro pehama yangu kuitira kupodzwa.

Nemuzita raJesu Kristu, ndinoisa maoko pamusoro pehanzvadzi yangu.

MuZita raJesu, podzai hanzvadzi yangu.

MuZita raJesu Kristu!

MuZita raJesu!

- MuZita raJesu, podzai hanzvadzi yangu.
 MuZita raJesu, podzai hanzvadzi yangu.
 MuZita raJesu, podzai hanzvadzi yangu.
 MuZita raJesu, podzai hama yangu.
 MuZita raJesu, podzai hama yangu.
 MuZita raJesu, podzai hama yangu.
 MuZita raJesu, podzai hama yangu.
 189 MuZita raJesu Kristu, podzai hama yangu, iyi.
 MuZita raJesu, podzai hanzvadzi yangu.
 MuZita raJesu, podzai hanzvadzi yangu.
 MuZita raJesu, podzai hanzvadzi yangu.
 MuZita raJesu!
 MuZita raJesu, podzai hanzvadzi yangu.
 MuZita raJesu, podzai hama yangu.
 190 MuZita raJesu, podzai hama yangu. Dai yapora.
 MuZita raJesu, podzai hanzvadzi yangu.
 MuZita raJesu, podzai hanzvadzi yangu.
 MuZita raJesu, podzai hama yangu.
 MuZita raJesu, podzai hama yangu.
 MuZita raJesu, podzai hanzvadzi yangu.
 Zita raJesu, podzai hanzvadzi yangu.
 MuZita raJesu, podzai hanzvadzi yangu.
 MuZita raJesu, podzai hanzvadzi yangu.
 Zita raJesu, podzai hanzvadzi yangu.
 Zita raJesu, podzai hanzvadzi yangu.
 MuZita raJesu, podzai hanzvadzi yangu, iyi.
 MuZita raJesu, podzai hanzvadzi yangu.
 MuZita raJesu, podzai hama yangu.
 191 MuZita raJesu, podzai mwana uyu. Mwari, zvitenderei.
 MuZita raJesu, podzai hama yangu.
 MuZita raJesu, podzai hanzvadzi yangu.
 MuZita raJesu, podzai hama yangu.
 MuZita raJesu, podzai mukomana mudiki uyu.
 MuZita raJesu, podzai hama yangu.
 Zita raJesu, podzai hanzvadzi yangu.
 MuZita raJesu, podzai hanzvadzi yangu.
 Zita raJesu, podzai musikana mudiki uyu.
 192 MuZita raJesu, podzai hanzvadzi yangu, iyi.

- MuZita raJesu, podzai hanzvadzi yangu.
 Zita raJesu, podzai hama yangu.
 Zita raJesu, podzai hanzvadzi yangu.
 Zita raJesu, podzai hama yangu.
 Zita raJesu, podzai hama yangu.
 Zita raJesu, podzai hama yangu.
 Zita raJesu, podzai hanzvadzi yangu.
 Zita raJesu, podzai hama yangu.
 Zita raJesu, podzai hanzvadzi yangu.
 Zita raJesu, podzai hama yangu.
- 193 Zita raJesu, podzai hama yangu, iyi, Ishe.
 Zita raJesu, podzai hama yangu.
 Zita raJesu, podzai, Ishe, hama yangu.
 Zita raJesu, podzai hama yangu.
 Zita raJesu, Ishe . . . ? . . . kuitira kubwinya kwaMwari.
- 194 Kupodza hama yangu, muZita raJesu. Siya zvakadaro.
 MuZita raJesu, podzai hanzvadzi yangu.
 Zita raJesu, podzai hama yangu.
 Zita raJesu, podzai hama yangu.
 Zita raJesu, podzai hama yangu.
 Zita raJesu, podzai hanzvadzi yangu.
 Zita raJesu, podzai hanzvadzi yangu.
 Zita raJesu, podzai mwana uyu.
 Zita raJesu, podzai hanzvadzi iyi.
 Zita raJesu, podzai hanzvadzi iyi.
- 195 NemuZita raJesu Kristu, podzai hanzvadzi.
 Zita raJesu, podzai hanzvadzi . . . ? . . .
 MuZita raJesu, podzai hanzvadzi yangu.
 NemuZita raJesu, Ishe, podzai hanzvadzi yedu.
 MuZita raJesu, podzai hama yangu, inatseyi.
- 196 NemuZita raJesu Kristu, podzai hanzvadzi yangu, Ishe.
 MuZita raJesu, podzai hama yangu.
 Zita raJesu, podzai hama yangu.
 MuZita raJesu, podzai hama yangu.
 Zita raJesu, podzai hanzvadzi yangu.
 Zita raJesu, podzai hanzvadzi yangu, iyi.
 MuZita raJesu, podzai musikana mudiki uyu.
 MuZita raJesu, podzai hanzvadzi yangu.

- Zita raJesu, podzai hama yangu.
 Zita raJesu, podzai hanzvadzi yangu.
 Zita raJesu, podzai hanzvadzi yangu.
 Zita raJesu, podzai mwana uyu.
- 197 Podzai mwana uyu, Ishe, muZita raJesu.
 Podzai mukomana mudiki, muZita raJesu.
 Podzai hanzvadzi yangu, Ishe, muZita raJesu.
 Podzai Hanzvadzi Collins yangu, Ishe, muZita raJesu.
 Podzai hanzvadzi yangu, muZita raJesu.
 Podzai hama yangu, nemuZita raJesu Kristu.
 Podzai hanzvadzi yangu, muZita raJesu.
- 198 Siya kusatenda kwako zvino.
 MuZita raJesu, podzai hama yangu.
 MuZita raJesu, podzai hama yangu.
- 199 Donhedzera kusatenda kwako mubhokisi zvino. Pfuura.
 Tora Kutenda Kwakakwana.
 MuZita raJesu, kutore. Dai zvikaitwa.
 MuZita raJesu, zvitenderei, Ishe.
 MuZita raJesu, zvitenderei, Ishe.
 MuZita raJesu, podzai hanzvadzi yangu.
 MuZita raJesu, podzai hanzvadzi yangu.
 MuZita raJesu, podzai hanzvadzi yangu.
 MuZita raJesu, podzai hanzvadzi yangu, Ishe.
 MuZita raJesu, podzai hanzvadzi yangu! . . . ? . . .
 MuZita raJesu, podzai uyu.
 MuZita raJesu, podzai hanzvadzi yangu.
- 200 Ropafadzwai, hama. MuZita raJesu, podzai Hama Cox, Ishe.
 Mwari ngavarumbidzwe!
 MuZita raJesu, podzai hanzvadzi yangu.
 MuZita raJesu, podzai hanzvadzi yangu.
 MuZita raJesu, podzai hanzvadzi yangu.
 MuZita raJesu, podzai hanzvadzi yangu.
 MuZita raJesu, podzai hama yangu.
 MuZita raJesu, podzai hanzvadzi yangu.
 MuZita raJesu, podzai hanzvadzi yangu.
 MuZita raJesu, podzai hanzvadzi yangu.
- 201 Zvino, rangarirai, ndiri kuisa kutenda kwese kwandinogona,
 mune izvi, nechikonzero.
 MuZita raJesu, podzai musikana mudiki uyu.

MuZita raJesu, podzai hanzvadzi iyi.

202 Mwari, ndinoisa maoko pamusoro pemwana. Nokudaro achapora, muZita raJesu. Ameni.

MuZita raJesu, podzai musikana mudiki.

MuZita raJesu, podzai hama yangu.

MuZita raJesu, podzai hama yangu iyi.

203 Musikana mudiki? Vabatei pedyo nemi. NemuZita raJesu Kristu, vapodzei, Ishe, kuitira kubwinya kweNyu.

MuZita raJesu, podzai hanzvadzi yangu.

MuZita raJesu, podzai hanzvadzi yangu.

MuZita raJesu, podzai hama yangu.

MuZita raJesu, podzai hanzvadzi yangu.

MuZita raJesu, podzai hama yangu.

MuZita raJesu, podzai hanzvadzi yangu.

MuZita raJesu, podzai hanzvadzi yangu.

Jesu, podzai hama yangu diki.

MuZita raJesu, podzai hanzvadzi yangu.

MuZita raJesu, podzai hanzvadzi yangu.

204 NemuZita raJesu Kristu, ndinokumbira kupodzwa kwemudzimai.

MuZita raJesu, podzai hanzvadzi yangu, Ishe.

MuZita raJesu, podzai hama yangu diki.

MuZita raJesu, podzai hanzvadzi yangu.

NemuZita raJesu Kristu, podzai hanzvadzi yangu.

MuZita raJesu, podzai hanzvadzi yangu.

205 NemuZita raJesu Kristu, podzai hama yangu, mwana.

MuZita raJesu, vapodzei, Ishe.

MuZita raJesu, podzai hama yangu.

MuZita raJesu, podzai hama yangu.

MuZita raJesu, podzai hama yangu.

MuZita raJesu, podzai hama yangu.

MuZita raJesu, podzai hanzvadzi yangu.

MuZita raJesu, podzai hanzvadzi yangu.

MuZita raJesu, podzai hama yangu.

Podzai hanzvadzi yangu, muZita raJesu.

Podzai hama yangu, muZita raJesu.

Podzai hanzvadzi yangu, muZita raJesu.

Podzai hanzvadzi yangu, muZita raJesu.

Podzai hanzvadzi yangu, nemuZita raJesu Kristu.

Podzai hanzvadzi yangu.

206 Podzai hanzvadzi yangu. Varopafadzei, Ishe, kuitira kwavo . . . ? . . . muZita raJesu.

MuZita raJesu, podzai hanzvadzi yangu.

MuZita raJesu, podzai hama yedu.

MuZita raJesu, podzai hama yedu, Ishe.

NemuZita raJesu Kristu, podzai hanzvadzi yangu, Ishe.

MuZita raJesu, mupei chikumbiro chake.

MuZita raJesu, podzai hama yangu.

207 Siya kusatenda kwako. Uya, uchitenda zvino, Mwari vachazvitendera. Uya, uchizvitenda, uye Mwari vachazvitendera. Ndinozvitenda. Ndiri kushandisa kutenda kwese kwandinokwanisa nako. “Vachaisa maoko pamusoro pevanorwara; vachapora.”

MuZita raJesu, podzai hama yangu.

NemuZita raJesu Kristu, podzai hanzvadzi yangu.

208 Zvinotaridzika sei izvi, Hama Neville? Hama Dauch, mukombe wenyasha dzaMwari! Uyu murume aifanira kunge akafa, vhiki rimwe chete kana maviri apfuura.

209 NemuZita raJesu Kristu, Mwari, Munofanira kunge muchivada, Baba, nokuti Makavaitira zvinhu zvikuru. Ndinoisa maoko angu pamusoro pavo, nemuZita raJesu Kristu.

210 Ishe Mwari, pamusoro pemudzimai wavo akakosha, ndinoisa maoko angu paari, muZita raJesu Kristu, kuitira kupodzwa kwavo. Amen.

Ndivo vese here?

211 Zvino, ngatikotamisei musoro wedu zvino.

Murapi mukuru ari pedyo zvino,

Jesu anonzwira;

Anotaura kumoyo yakasuwa kuti inyevenuke,

O, inzwi inzwi raJesu.

Rusambo rwunotapirisa murwiyo rweserafimi,

Zita rinotapirisa parurimi rwemunhu;

Rwiyo rwunotapirisa rwati rwamboimbwa,

Jesu, akaropafadzwa Jesu.

212 Munoziva here zvandaita kwamuri? Makandidana kuti, “mufudzi wenyu”; zvino munotaura kwazvo, nokuti ndizvo zvandiri. Kana ini, mufudzi wenyu, ndakabatanidzwa naJesu Kristu, kuti ndiite basa rake, zvino tendai Shoko rangu. Nekuita chiito ichi chekutenda, nokuisa maoko pamusoro penyu, ndatuka chirwere nezvinotambudza zvanga zvichikunetsai. Tendai izvozvo, naizvozvo muchawana chikumbiro chenyu, zvisinei kuti chii, nokuti zvinhu zvose zvinogoneka kune avo vanotenda. Zvino pamunonamata, tendai kuti magamuchira

zvamakumbira. Zvino ini ndinotenda zvechokwadi kuti ndachigamuchira, uye mumoyo mangu ndinogamuchira kupodzwa kwemumwe nemumwe wenyu, ndinokugamuchira, kuti kwaitwa. Ndinozvutenda, ndinozvutenda nezvose zviri mandiri. Uyewo, ndiine maoko angu pamusoro pemachira akawaridzwa pano, ndanga ndichizvitarisa nepedyo, ndinotenda kuti achaita izvo chaizvo zvakumbirwa nevanhu. Ndi—ndinozvutenda.

²¹³ Izvi zviri kuuya muKudhonza Kwetatu! Ndi—ndiri kuzvitenda. Iye zvino ndinoda kukubvunzai mubvunzo wakaperera, imi vapfuura nemumutsara wemunamato. Unogona kunyatsotenda here, nekunzwa iye zvino, kuti pane chimwe chinhu chaitika mauri kubvira zvawaiswa maoko pamusoro pako? Simudza ruoko rwako!...?...Hezvoka izvo. Izvi ndizvo zvatanga takamirira. Zvino, uku hakusi...Zviri kungotanga kudombera zvino. Maona? Kungotanga ne...Ndazviita nechikonzero. Ndazviita nechikonzero. Pane zvandiri kuita, munoona, kutora simba iri rekutenda nokudzoka shure kumavambo nokuuya; munoona, kuita sokusimudzira kutenda muchiyero chawanga usati wambocherechedza nenzira iyoyo. Kwete kutendawo hako, asi Kutenda Kwakakwana, kuvakwe kuri kumusoro *kuno*. Zvino wotarisa Mwari akakwana, nemoyo wakakwana, achichengeta vimbiso yakakwana, kubudikidza neShoko raKe Rakakwana, rinopinza kupfuura munondo unocheka kumativi maviri uye Munzveri wemifungo yemoyo. Chii? Tiri kusvika zvino pakukwaniswa, nokuti vanhu vanofanira kuuya kune izvi kuitira Kubvutwa. Ndizvo zvakakumisa iye zvino, kwakamirira kuti Kereke iyi ipinde muKutenda Kwakakwana kweKubvutwa. Kukutsvaga. Zvinoziva kubvisa zvakanaka pandiri, zvinoziva kubvisa zvakanaka pamuri, asi pamwe chete tichazviita nyenyasha dzaMwari. Ameni.

Murapi mukuru ari pedyo zvino,
Anonzwira . . .

²¹⁴ Ishe Jesu, ropafadzai hama yangu inodikanwa. Dai Mweya weNyu Mutsvene ugare uchiita kuti mufudzi uyu ane akagwinya, nekumuchengeta aine utano akasimba, mubasa raMakavadanira. MuZita raJesu. Ndiri kuzvigamuchira, Ishe. Ndinomuda. Tinozvigamuchira. Tinoziva kuti zvakanaka. Tiri kuzvitenda zvino.

Rwiyo rwunotapirisa rwati rwamboimbwa,
O Jesu, akaropafadzwa Jesu.

²¹⁵ HaMumude here? Ingofungai: ipo pano chaipo iko zvino, basa ratotanga mumutumbi mako, rekupodzwa kwako, nokuti Akavimbisa kuti zvaizoitika. Uye zvino, munoona, mabata zvandanga ndichitaura here manheru ano? Mabata chirahwe chacho here? Munoona, “Kana *ive ukataura* kugomo iri,” munoona, usapokane, usapokane, asi tenda kuti izvo

zvawataura. Zvino zvitarisei, maminitisi mashanu asati asvika, ruoko rwese rwasimuka, kuti pane basa ranga ratotanga mavari iko zvino. O, ini zvangu! Heunoi Uyo. Ndizvozvo! Chii? Huvepo hweMurapi mukuru.

²¹⁶ O, ngatisimudzei maoko edu kunaMwari tirwuimbe zvakare.

Murapi mukuru ari pedyo zvino,
 Jesu anonzwira;
 Anotaura kumoyo yakasuwa kuti inyevenuke,
 O, inzwi inzwi raJesu.

Rusambo rwunotapirisa murwiyo rweserafimi,
 Zita rinotapirisa parurimi rwemunhu;
 Rwiyo rwunotapirisa rwati rwamboimbwa,
 O Jesu, akaropafadzwa Jesu.

²¹⁷ Ngatingomirai kwechinguva. NgatiMunamatei mumoyo wedu. Pafungei: Mwari, Vari pano. Vari pano. Ani? Ndiani akaZvzivisa kuve Shoko? “Pakutanga kwaiva neShoko, zvino Shoko rakanga riri kunaMwari, uye Shoko raiva Mwari. Zvino Shoko rakaitwa nyama rikagara pakati pedu, rimwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi. Shoko rinopinza kupfuura munondo unocheka kumativi maviri, kunyange Munzveri wepfungwa nemifungo (zvawavinga mberi kuno, chinangwa chako chekuva pano, kuti ndiwe ani)”; Jesu Kristu achiratidzwa kuva Mhesiya, uye nhasi RinoMuratidzira kuva Mhesiya mumwe chete, zuro, nhasi, nokusingaperi.

²¹⁸ Murapi Mukuru, Uyo ari pano, Akati, “Zviratidzo izvi zvichatevera avo vanotenda. Kana vakaisa maoko avo pamusoro pevanorwara, vachapora. Uye kana ukati kugomo iri, ‘Simudzwa,’ worega kupokana mumoyo mako, asi ukagona kutenda.” Kana Achigona kusika tsindi, iyo isina nzira zvachose, kana isina kana chiripo chekutenda; kutenda kwangu ndiko kunoenda kwonoita izvozvo, kutenda kwangu mune zvaAndidhenha kuti ndikumbire. Andidhenha kuti ndizvikumbire. Ndakagamuchira kudenhwa kwaKe mukuteerera Shoko rake, ndakazvikumbira, ndokubva zvavapo! Mwari weKudenga anoziva kuti ichokwadi. Haagonewo here kupodza varwere? Kana Achigona kundisimudza nekutenda kwakakwirira nenzira iyi, kunyange kuvanhu, kunyange vakatadza kukwira kusvika pachiyero ichocho. Kana vasingakwanise kuzviita, Anogona kushandisa kutenda kwangu. Anogona kundisimudzira kusvika panzvimbo iyoyo, uye ndiri kukukwirirai. Ndiri kukutenderai. Ndiri kukurevererai.

²¹⁹ Ndiri hama yenyu, ndakamira sehama yenyu, murevereri, ndichiyedza nekukwanisa kwangu kwese kukuunzai pamberi paMwari. Uye ndimire pamberi peChigaro Chichena cheushe zvino, ndichitora izvozvo. . . ndichinongedzera chigunwe changu kuChibairo chine ropa ipapo, uye ndichitaura kubudikidza neZita rake kuti zvapera. Zvinofanira kuitika, uye zvinofanira

kuitika. Munoziva kuti zvaitika. Ndinoziva kuti zvatoitika, naizvozvo munoziva kuti zvaitika, uye ndizvozvo. Ndizvozvo chaizvo. Amenii.

. . . rwiyo rwati rwamboimbwa,
O Jesu, akaropafadzwa Jesu.

Rusambo rwunotapirisa murwiyo rweserafimi,
Zita rinotapirisa parurimi rwemunhu;
Rwiyo rwunotapirisa rwati rwamboimbwa,
Jesu, akaropafadzwa Jesu.

²²⁰ Zvino madhimoni akava pasi pedu nemuZita reNyu, Zita rinotapirisa parurimi rwemunhu. Madhimoni. . . IRo—iRo rinomutsa vakafa, Rinopodza varwere, Rinochenesa ane maperembudzi, Rinodzinga madhimoni, Rinoita Makristu. Hapana rimwe Zita pasi peDenga. Ndinorarama maRiri, ndakabhabhatidzwa maRiri, ndinoRitenda, ndinoRinamata. O, ngandive chikamu chaRo. Ngandizvirase pachangu; ndozviwana, Ishe, maMuri, Zita Iroto rinonzi Jesu Kristu, Mhesiya akazodzwa, kuitira kuti ndimanikidzire nzira yangu nemumadhaka ekusatenda kuti ndiratidze runako rwaJesu Kristu: mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi.

²²¹ Mwari vakuropafadzei zvino. Paunodzoka pano Svondo inotevera, ipa chapupu chekupodzwa kwawakaitwa, zvakaitika svondo rino. Tarisai muone zvichaitika. Zvapera! “Munozviziva sei?”

²²² Andiudza kuti “zvitaure,” ndikazvitaure. Ndizvozvo. Ndizvozvo. Zvapera. Ndinozvitaure. Zvino, mufudzi, Hama Neville.

²²³ Mirai zvishoma. [Imwe hama inotaura nerumwe rurimi. Imwe hama inopa dudziro—Mupepeti.]

²²⁴ Zita raShe ngariropafadze. Ngatisimudzei ruoko rvedu tiVanamate kweminiti.

²²⁵ TinoKutendai, Ishe. TinoKutendai, Ishe. Maita heNyu, Baba. Maita heNyu, Baba.

²²⁶ Semutendi, macherechedza here kureba kwakaita shoko rataurwa; uye nerusambo rwemataurirwo arataurwa naro, zvino tarisai dudziro ichidzoka kune zvimwe chete? Ndizvozvo. Tarisai zvaranga riri, rakanyatsa kunangana neMharidzo; nekusimbisa kuti changa chiri Chokwadi, kuti Anga atoita kare zvaAkakuvimbisai kuti Aizoita. Tarisai mauyiyo araita, uye tarisa nzira yedudziro iyi. Honai kuti ataura zvakareba sei, uye tarisai kuti mashoko mangani aataura, maona, zvakanyatsonanga.

Ishe vakuropafadzei, kusvika ndakuonaizve. Amenii.



KUTENDA KWAKA KWANA SHO63-0825E
(Perfect Faith)

Mharidzo iyi neHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Svondo manheru, 25 Nyamavhuvhu, 1963, paBranham Tabhenakeri muJeffersonville, Indiana, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2015 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org